Накъыгъэм и 9

ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэмкIэ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№90 (20.998) ● 2007 гъэм накъыгъэм (майм) и 8, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сом и 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэр илъэс 62-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А.Б. цIыхухэм

Зэрызахуигъазэ

Ди хэкуэгъу лъапIэхэ!

Лъэпкъ куэд щыпсэу ди къэралым пщэдей егъэлъапIэ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэ Иныр илъэс хыщIрэ тIурэ щрикъу махуэр. Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ срагъусэу зауэм и ветеранхэм, тылым и лэжьакIуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми гуапэу сохъуэхъу ипэжыпIэкIэ лъапIэу икIи нэхуу щыт а махуэшхуэмкIэ.

Мы махуэхэм ди Хэкум я пщIэр еIэт лIыхъуужьхэм - текIуахэм, егъэлъапIэ и къуэхэмрэ ипхъухэмрэ, Хэкум и щIыхьымрэ и щхьэхуитыныгъэмрэ IэщэкIэ зыхъумахэм, плIыщIрэ тху гъэм и ТекIуэныгъэ гъатхэр къэсын щхьэкIэ псори зылэжьахэм, я лIыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ. Дэ яхуэфащэ пщIэ яхудощI тылым и лэжьакIуэхэм, фронтым щхьэкIэ, ТекIуэныгъэм щхьэкIэ псэемыблэжу заводхэмрэ фабрикэхэмрэ, губгъуэхэмрэ фермэхэмрэ щылэжьа псоми.

Ди щхьэр лъахъшэу фхудогъэщхъ, ТекIуэныгъэр къэзыхьа зауэлIхэ. Ди щхьэр лъахъшэу фхудогъэщхъ, тылым и лэжьакIуэхэ.

ТекIуэныгъэр ин дыдэщ, ауэ абы щIата уасэри къыпхуэмылъытэным хуэдизщ. Нэпсыр нэхэм къыщекIуэ махуэшхуэкIэ цIыхухэр зэджа а махуэм дринэщхъейуэ ди гум къыдогъэкIыж ТекIуэныгъэм щхьэкIэ зи гъащIэр зыта псори. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ, ипхъу нэхъыфIхэу мин 40-м щIигъум я щхьэр щагъэтIылъащ Кавказымрэ Волгэрэ къыщыщIэдзауэ Берлин нэсыху гъуэгуанэм щекIуэкIа зэхэуэхэм.

Зэи мыкIуэдыжын щIыхь - ди Хэкум и хуитыныгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ щхьэкIэ екIуэкIа зэхэуэхэм щыхэкIуэда Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм!

Абыхэм зэрахьа хахуагъэр уасэншэщ. Абыхэм я фэеплъыр зэи мыкIуэдыжынщ икIи лъапIэщ.

Ветеранхэм гулъытэ яхуэщIыныр къэралым дежкIэ сыт щыгъуи щытащ къалэн лъапIэу икIи апхуэдэуи къэнэжынущ. Зэманыр сыт хуэдизу мыгугъуами икIи мыхьэлъами, Къэбэрдей-Балъкъэрым и властымрэ управленэмрэ я органхэм щIыхь зыпылъ я Iуэхущ а ветеранхэм яхуэфащэ псэукIэ, обществэм щахуэфащэ увыпIэ къахузэгъэпэщын папщIэ псори ялэжьыныр.

ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ, ди ветеран лъапIэхэ, ди хэкуэгъу лъапIэхэ!

Фэри фи унагъуэхэми мамырыгъэ, насып, зэIузэпэщыныгъэ фиIэну.

Обозревателым и псалъэ

Зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ гуфIэгъуэ

<u>Иужь илъэсхэм дэ нэхъ дегупсыс хъуащ ди адэшхуэхэм, ди адэхэм Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэм и мыхьэнэм. Ар къыпхуэмылъытэн хуэдизщ икIи уи акъылым къыпхуимыгъэтIэсэну гугъущ. Зауэм пIалъэ кIыхькIэ зыхуэзыгъэхьэзыра зэрыпхъуакIуэ хьэщхьэрыIуэр ди щIыналъэм къытеуат. Арщхьэкiэ Совет къэралри а гъэунэхуныгъэ хьэлъэм хуэхьэзыру къыщIэкIащ. Пэжщ, япэ щIыкIэ Совет Союзыр хущIэкъуащ мафIэ лыгъэр къыщыхъеину зэманыр зы илъэскIэ нэхъ мыхъуми игъэIэпхъуэну. Арщхьэкiэ абы ар къехъулIакъым.</u>

ГИТЛЕР КъухьэпIэ лъэныкъуэр иубыдыну хущIэкъуа къудейкъым, абы и мурадащ ди щIыналъэм щыпсэу цIыхухэр зэуэ зэтриукIэну е гугъу ехьурэ игъэлIэну. Зи расэр нэ хъ лъагэ дыдэу, нэхъ лъэщ дыдэу къэзылъыта фашистхэм дини гущIэгъуи яхэлъткъым. Абы щыгъуэми Европэм и щIыналъэхэм къыщахьа текIуэныгъэхэм ягъэгушхуат. Мис апхуэдэ къару фIыцIэм пэщIэувэн хуейт СССР-м и цIыхухэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, къарукIэ къебэкI бийм и пащхьэм ди дзэхэр къыщикIуэтын хуей хъуащ. АрщхьэкIэ 1941 гъэм и дыгъэгъазэм и пэ къихуэу белджылы хъуат зэрыпхъуакIуэхэм зэхалъхьа «Барбаросс» планыр къазэремыхъулIэнур. Абыхэм тхьэмахуихым зэхакъутэфакъым Совет Союзыр. Гитлер и генералхэм я мурад псори нэпцIу къыщIэкIащ. Ар псом япэу белджылы къыщыхъуащ Москва и гъунэхэм я деж. Лъэпкъ куэд зыщыпсэу ди къэралым и щыхьэрыр зыми иратынутэкъым. Абдеж япэ дыдэу Гитлер и блыгущIэтхэм шэч къытрахьащ Совет Союзым къытекIуэным. Нэмыцэ тхыдэтххэм иужькIэ къызэраIуэтэжамкIэ, германие лъэныкъуэм и пщIыхьэпIи къыхэхуакъым совет цIыхухэр апхуэдэу лIыхъ ужь у къыщIэкIыну. ХэщIыныгъэ ин игъуэту бийр икIуэтыжын хуей хъуащ. Ауэ ар щIэ дзапIэ къудейт. Зауэ щытыкIэм еса, зи промышленнэ IуэхущIапIэхэм я нэхъыбэр Сыбырым ягъэIэпхъуа ди къэралым зыкъиужьыжу щIидзащ. Абы и зэфIэкIым маху э къэс хэхъуэрт. ИкIи ар белджылыуэ къигъэлъэгъуащ Сталинград деж щекIуэкIа зэхэуэшхуэм. Тхыдэм зэи къыщымыхъ уауэ зэуэ зэрыпхъуакIуэ мин щищым щIигъу гъэрыпIэм ихуащ. Абыхэм я фельдмаршал Паулюс я пашэу. Абы иужькIэ США-мрэ Инджылызымрэ я унафэщIхэм къагурыIуащ зауэр зэриухыну щыкIэр. Ауэ етIуанэ фронтыр къызэIуахыныр, сыт хуэдэу щымытами, кIыхьлIыхь ящIащ.

ЖытIэнуращи, 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм совет цIыхухэм къыщахьа текIуэныгъэр зыхуэбгъадэ хъун щыIэкъым. Апхуэдэ дыдэу къэгъэлъэгъуэн хуейщ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ цIыхухэм а зэманым яку дэлъа зэкъуэтыныгъэ быдэр. Абы и щапхъэхэр гъунэжщ. Зы лъэпкъым щыщ цIыхум и псэр итырт, адрей лъэпкъым щыщыр кърихъэлын папщIэ.

НэгъуэщI зы щапхъэ. Блокадэу бийм къиувыхьа Ленинград мылылъэ гъуэгукIэ къыдаша сабийхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэсащ. Ахэр бын ящIащ ди къуажэхэм щыпсэухэм. Иджыпстуи апхуэдэ цIыхухэр ди жылагъуэхэм дэсщ икIи фIыуэ ящIэ ди щIыналъэм къызэрыщыхута щыкIэр.

Сыт хуэдэ зауэми и кIэр хьэдагъэщ. Апхуэдэуи щытащ дуней псом нэхъапэм къыщымыхъуа зи гугъу тщIы гъэунэхуныгъэ хьэлъэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэтхэнэ унагъуэми къылъэIэсащ гум къедзакъэ уIэгъэхэр. АрщхьэкIэ республикэр абыхэм щIыхь пылъу къыхэкIащ.

СССР-р лъэлъэжа иужь, фашист Германиер зэхэзыкъута Совет Союзым и пщIэр ягъэлъахъшэу хуежьащ. Ауэ, сыт жамыIами, Европэр (абы къыдэкIуэуи дуней псор!) фашизмэм и бжьым къыщIэзыгъэкIа совет зауэлIхэм я лIыгъэр уахътыншэщ.

ЖытIахэм щIыдгъужыну дыхуейщ мыпхуэдэ хъыбар гуапэр: дяпэкIэ накъыгъэм и 9-р ди къэралым щагъэлъэпIэнущ нэхъ гуфIэгъуэ ин дыдэхэм ящыщу. Ар жиIащ УФ-м и Президент Путин Владимир. Накъыгъэм и 9-м УФ-м и къалащхьэ Москва дзэ парад щекIуэкIынущ, ди къэралым и щIыпIэ псоми цIыхухэр щызэхыхьэнущ, щызэхъуэхъунущ. Ар къалэжьащ, апхуэдэ пщIэ яхуэфащэщ ТекIуэныгъэр къэзыхьа ди нэхъыжьыфIхэм.

ШАЛ Мухьэмэд.

Ди гъунэгъу республикэхэм

НыбжьыщIэхэм я зэпеуэ

АДЫГЕЙ. ***<u>ГъуазджэмкIэ сабий еджапIэхэм я еплIанэ республикэ зэхьэзэхуэ иджыблагъэ Адыгейм щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ щIыналъэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ гъуазджэмрэ щэнхабзэмкIэ еджапIэхэмрэ.</u>***

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэта сабий еджапIэ 11-м къэфакIуэ гупу 19 утыку кърашащ. Зэпеуэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъа, республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Лъэцэр Iэдэм къызэрыхигъэщамкIэ, мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр, хабзэ зэрыхъуауэ, Къафэм и махуэм трагъэхуэ.

Къыхэдгъэщынщи, зэпеуэм япэ увыпIэр къыщахьащ Адыгейск гъуазджэмкIэ и еджапIэм и гъэсэн цIыкIухэм.

ЭкономикэзэпыщIэныгъэхэр

АБХЪАЗ. ***<u>Республикэм и лIыкIуэ гуп иджыблагъэ Сингапур щыIащ икIи щIыналъитIым я экономикэ зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэным теухуа псалъэмакъ щхьэпэ щIыпIэ финансистхэм драгъэкIуэкIащ.</u>***

АБХЪАЗЫМ нэгъуэщI къэрал Iуэхухэмкiэ и министрым и къуэдзэ Гвинджие Максим зэрыжиIамкIэ, Сингапурым и бизнесменхэр хьэзырщ Абхъазым къыдэIэпыкъуну, республикэм и экономикэм нэхъ псынщIэу зэрызиужьыным ехьэлIа экономикэ, инвестицэ проектхэр хуагъэхьэзырыну.

«Дэ икъукIэ тфIэхьэлэмэту дыкIэлъоплъ, Сингапурым и мызакъуэу, Тайваныр, Кипрыр, нэгъуэщI къэралыгъуэ цIыкIухэу экономикэ лъэщхэр зытезыгъэувахэм я щапхъэм. Ди мурадщ абыхэм псоми запытщIэу дадэлэжьэну, абыхэм я опытхэр къэдгъэсэбэпу ди экономикэр едгъэфIэкIуэну», - къыхигъэщащ Гвинджие Максим.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къанокъуэ Арсен ветеранхэм йохъуэхъу

<u>Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм яхуигъэхьащ ТекIуэныгъэм и МахуэмкIэ зэрехъуэхъу псалъэ гуапэхэр зэрыт тхыгъэхэр. Абы къыщыгъэлъэгъуащ гъуэгуанэ хьэлъэ къызэпызыча нэхъыжьхэм узыншагъэ быдэ, гъащIэ кIыхь, насыпрэ ефIэкIуэныгъэрэ яIэу дуней мамырым щыпсэуну Президентым зэригуапэр.</u>

НАКЪЫГЪЭМ и 8 - 9-хэм республикэм щекIуэкIыну гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм щагъэлъэпIэнущ зауэм хэта нэхъыжьхэр.

Фронтым Iутахэу, зауэм хэкIуэдахэм я щхьэгъусэу 2395-м дэтхэнэми хуэзэу сом мин тхурытху иратынущ нэхъыжьхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ ирагъэкIуэкIа республикэпсо щIыхьэхум къыщалэжьа ахъшэм къыхэкIыу. Абы къыдэкIуэу къалэхэм, районхэм ящыщ зыбжанэм я унафэщIхэм къызэрагъэпэщащ Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ абыхэм иралъыт адрей цIыхухэмрэ иратыну ерыскъыхэкI зэмылIэужьыгъуэхэр.

Хабзэ зэрыхъуам тету, КъБР-м и Президентыр я пашэу, республикэм и унафэщIхэм удз гъэгъахэр накъыгъэм и 9-м сыхьэти 10-м тралъхьэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щыIэ МафIэ Мыужьыхыжым. Абы и ужькIэ псори зэщIыгъуу кIуэнурэ, Владикавказ лъэныкъуэмкIэ къалэм и къыдыхьэпIэм и деж ТекIуэныгъэм и фэеплъу щагъэува стеллэр къызэIуахынущ. Ар ящIащ Налшык къалэм Хэку зауэшхуэм и орденым и I нагъыщэр къызэрыратар зи фIыщIэ зауэлI хахуэхэм хуащI пщIэм и щыхьэту. Композицэр зи Iэдакъэ къыщIэкIар Налшык щыщ архитект орхэу Техин Василий, Логоватовский Юрий сымэщ.

ГуфIэгъуэ Iуэхухэм я Iыхьэ нэхъыщхьэ дыдэу Iувынущ Правит ельствэм и Унэм и пащхьэм хуэзэ ЗэгурыIуэныгъэ утым ТекIуэныгъэм и махуэм и щIыхькIэ щатыну концертыр.

Мы махуэхэм къалэхэмрэ районхэмрэ ветеранхэр щагъэлъапIэ, ТекIуэныгъэм и махуэм хуэгъэза Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ хэр къыщызэрагъэпэщ. Республикэм исхэр зауэм теухуа музейхэм макIуэ, лIыхъужьхэм я фэеплъхэмрэ обелискхэмрэ зыхуей хуагъазэ, фестивалхэр, конкурсхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр къызэрагъэпэщ. Республикэр апхуэдэу хыхьащ «Георгий дамыгъэм и дэнлъэч» цIыхубэ Iуэхугъуэм. «Хэкупсэ» жылагъуэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэ хэм Москва кърашри апхуэдэ дэнлъэчу щэ хуэдиз Налшык къашащ икIи ахэр таксихэм я радиоантеннэхэм фIадзащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Иджы Налшыки щыIэщ

<u>УФ-м и Президент Путин Владимиррэ Урысейм и ветеран зэгухьэныгъэхэмрэ къыхалъхьа Iуэху еплъыкIэхэр къалъытэу, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм иджыблагъэ къащтащ «ТекIуэныгъэм и Бэракъым теухуауэ» федерал унафэр.</u>

ХЭКУ ЗАУЭШХУЭР зэриухрэ дэкIа зэманым ди къэралым иджы япэу къиищтэу аращ 1941 - 1945 илъэс гугъухэм лIыгъэ зезыхьа цIыхубэм, адэжь лъахэм и щхьэхуитыныгъэм зи псэр щIэзыта зауэлIхэм я фэеплъыр хъумэным, къыдэкIуэтей щIэблэм абыхэм хуащI пщIэр наIуэ къэщIыным теухуа унафэ пыухыкIа. Абы ипкъ иткIэ, ТекIуэныгъэм и бэракъым и статусыр, ар хъумэнымрэ къэгъэсэбэпынымкIэ хабзэ убзыхуахэр ягъэув.

Законым къыщыгъэлъэгъуащ Кутузов орденыр (етIуанэ нагъыщэ) зезыхьэ 150-нэ фочауэ дивизием и штурм ныпыр, 1945 гъэм Берлин и рейхстагым трагъэувар, ТекIуэныгъэм и Бэракъыу къэлъытэныр. Аращ ди цIыхубэмрэ советыдзэ зэщIэузэдахэмрэ фашист Германием зэрытекIуам и дамыгъэ нэхъыщхьэу къэралым къилъытар.

«Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым и унафэщI Грызлов Борис унафэ къищтащ партым и щIыналъэ къудамэхэр зыдигъэIэпыкъуу а бэракъым и копиехэр къэралым и ветеран зэгухьэныгъэхэмрэ музейхэмрэ хуагъэхьыну.

Накъыгъэм и 9-м, ТекIуэныгъэ Иныр щагъэлъапIэ махуэшхуэм, ТекIуэныгъэм и стеллэр ЩIыхьым и утым къыщызэIуахкIэ, бэракъым и копиеу Налшык къагъэхьар иратыжынущ зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я республикэпсо зэгухьэныгъэм и пашэхэм.

ШУРДЫМ Мадинэ,
«Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэ.

Узыншагъэфl, ехъулIэныгъэ фиIэну!

Хэку зауэшхуэм хэтахэу, республикэм и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомыр псоми къыволъхъуэхъу совет цIыхухэр фашизмэм зэрытекIуэрэ илъэс 62-рэ зэрырикъумкIэ. Хэт сыт жимыIэми, а ТекIуэныгъэр къонэж текIуэныгъэ псоми я нэхъыщхьэу. Мыхьэнэшхуэ зиIэ нэщэнэщ а махуэ лъапIэм ирихьэлIэу ТекIуэныгъэм и Бэракъыр зэрыщытам хуэдэу зэфIэгъэувэжа зэрыхъуар.

Хэку зауэшхуэм хэтахэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэми узыншагъэфI, республикэм фIыгъуэ къыхуэзыхьын ехъулIэныгъэхэр фиIэну!

ТЕМЫРЖАН Владимир,
КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомым и япэ секретарь.

Къалащхьэм дэсхэмрэ ди хьэщIэхэмрэ гу зылъатапхъэ

Накъыгъэм и 9-м сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 30-м ЗэгурыIуэныгъэм и утым щекIуэкIынущ «ГуфIэгъуэр Iэт, ТекIуэныгъэм и гъатхэ!» концерт ин. Абы хэтынущ КъБР-м и артист цIэрыIуэхэр.

Концертым еплъыну гукъыдэж зиIэ псори кърагъэблагъэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Иракым

<u>ЩытыкIэр хуабжьу щытkIий а къэралым къызэрыратыкIымкIэ, мыбы щаукIащ урысей прессэм и сурэттех Чеботарев Дмитрий.</u>

Ар хэхуащ насыпыншагъэхэу мыбы къыщыхъухэм ящыщщ зым. Лагъым къэуам иукIащ американыдзэм и сэлэт зыбжани.

Франджым Саркози къыхех

<u>Франджым щекIуэкIа хэхыныгъэхэм япкъ иткIэ бжьыпэр иубыдащ Саркози Николя.</u>

Абы и телъхьэу Iэ яIэтащ хэхакIуэхэм я процент 53-м.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 8, *гъубж*

◆Накъыгъэм и 8 - 9-хэр ЕтIуанэ дунейпсо зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэхэщ.

◆**Жор Плъыжьымрэ Мазэ Ныкъуэ ЩхъуантIэмрэ я дунейпсо махуэщ.** 1953 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ. Жор Плъыжьым и дунейпсо зэгухьэныгъэр къызэзыгъэпэща, швейцар жылагъуэ лэжьакIуэ Дюнан Анри (1828 - 1910) къыщалъхуа махуэм ирырагъэхьэлIэ.

◆Мы махуэм (1945) Карлехорст (Берлин и гъунэ) Iэ щытрадзащ германыдзэхэм фIэкIыпIэ имыIэу затыным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

◆Чехословакиер фашизмэм и бжьым къыщыщIагъэкIыжа махуэщ (1945).

◆Норвегиер хуит къыщащIыжа махуэщ (1945).

◆Накъыгъэм и 8 - 12-хэм Белград (Сербие) щекIуэкIынущ Техникэмрэ техникэ ехъулIэныгъэхэмкIэ 51-нэ дунейпсо жармыкIэр.

◆Илъэс 60 и пэкIэ (1947) къалъхуащ лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ щIыхь зиIэ мастер, олимп чемпион (1972), СССР-мрэ дуней псомрэ я чемпион Шыхъуэ Борис.

◆1936 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Нэгъуей Беслъэн.

◆**<u>Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 48-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 21-м.</u>**

◆**<u>Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 33-рэ.</u>**

Накъыгъэм и 9, *бэрэжьей*

◆**Европэм и махуэщ.** ЕС-м хэт къэралхэм 1985 гъэм Милан щрагъэкIуэкIа зэIущIэм къыщащта унафэм ипкъ иткIэ ягъэлъапIэ.

◆Урысей тхакIуэ, усакIуэ, уэрэдус Окуджавэ Булат (1924 - 1997) къыщалъхуа махуэщ.

◆1933 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Сэкрэк Мухьэдин (2001 гъэм лIащ).

◆**<u>Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 48-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 21-м.</u>**

◆**<u>Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 33-рэ.</u>**

Накъыгъэм и 10, *махуэку*

◆Германием щагъэлъапIэ Тхылъэм и махуэр. 1933 гъэм накъыгъэм и 10-м нацистхэм Германием ОперэмкIэ и къэрал унэм и гупэм щагъэсащ гупсысакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэу мин 12.

◆**<u>Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 46-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 22-м.</u>**

◆**<u>Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 36-рэ.</u>**

ПIанэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Нэхъыжьхэр ягъэлъапIэ

<u>Дыгъуасэ Налшык къалэ администрацэм щагъэлъэпIащ республикэм и щыхьэрым щыпсэу, зауэм хэта ветеранхэр.</u>

УНЭ щIыхьэпIэм деж абыхэм къащыпежьащ удз гъэгъахэр зыIыгъ, къалэ администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Хьэмгъуокъуэ Леонидрэ абы и лэжьакIуэхэмрэ. Нобэ ди къалащхьэм зауэм хэтауэ къыдэнэжа нэхъыжьхэм ящыщу зэIущIэм къырихьэлIэфар цIыху 25-рэщ. Хьэмгъуокъуэ Леонид абыхэм фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ. Зауэм хэта ветеранхэм я Налшык къалэ Советым и унафэщI Абдуллаев Мустэфаи ехъуэхъуащ къызэхуэсахэм.

Зауэ гъуэгуанэ лыгъэр зэпызыча зауэлIхэм зытепсэлъыхьынрэ ягу къагъэкIыжынрэ я гъунэжт: Воронов Иван 1945 гъэм екIуэкIа ТекIуэныгъэм и парадым хэтащ, Шэфий Хьэсэн гъэ кIуам Москва ирагъэблэгъахэм, парадым ирагъэплъахэм ящыщщ, Атабиев Ассадуллэхь 115-нэ шууей дивизием хэту Берлин нэс кIуащ, игъэунэхуащ гъэрыпIэ хьэлъэри, Стасюк Андрей тылым щылэжьащ.

ЗэIущIэм и пэублэр зэфIэкIа нэужь, ветеранхэр администрацэм и унэм щыгъэува Iэнэм пэрагъэтIысхьащ. Мыбдежым абыхэм щахуэупсащ ахъшэ саугъэтрэ ерыскъыхэкIхэмкIэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Дыгъуасэ

Сурэтыр **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

Иджыри зы гукъэкIыж

Узыщымыгъэгъупщэ гъуэгуэр ущытхъыщын пщIэнтIэпщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Советым хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 9-м къыдигъэкIа Указ №18-УП-мкIэ къищтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Советым хэтхэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Советым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 9-м къыдигъэкIа Указ №18-УП-мкIэ къищтам мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Сердюк В.А. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъум и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Хьэмгъуокъу Л.Б. - Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр (зэгурыIуауэ);

б) Советым къыхэгъэкIыжын Берд Хь.А., Ушаков С.Д. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым 30-м
№30-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр пхыгъэкIынымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI демографие политикэмкIэ щыIэ советым хэтхэу 2006 гъэм мазаем и 18-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкIа Указ №21-УП-мкIэ къищтам, «Урысейм и цIыхухэм - уасэкIэ зыпэлъэщын псэупIэ зэIузэпэщ», «Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр», «Узыншагъэ», «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытхэм егъэщIылIа лэжьакIуэ гупхэу ведомствэхэм зэдайхэм хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №139-УП-мкIэ къищтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр пхыгъэкIынымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI демографие политикэмкIэ щыIэ советым хэтхэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр пхыгъэкIынымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI демографие политикэмкIэ щыIэ советым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 18-м къыдигъэкIа Указ №21-УП-мкIэ къищтам мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Ксанаев М.И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм къэрал кIэлъыплъыныгъэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Пунаржи В.И. - Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Хьэмгъуокъу Л.Б. - Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Ерчэн Т.Хъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и министрыр;

б) Советым къыхэгъэкIыжын Берд Хь.А., Бердюжэ В.И., Шевченкэ Ю.В. сымэ.

2. «Урысейм и цIыхухэм - уасэкIэ зыпэлъэщын псэупIэ зэIузэпэщ», «Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр», «Узыншагъэ», «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытхэм егъэщIылIа лэжьакIуэ гупу ведомствэхэм зэдайхэм хэтхэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 18-м къыдигъэкIа Указ №21-УП-м, а УказымкIэ къащта Советым хэтхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, «Урысейм и цIыхухэм - уасэкIэ зыпэлъэщын псэупIэ зэIузэпэщ», «Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр», «Узыншагъэ», «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытхэм егъэщIылIа лэжьакIуэ гупу ведомствэхэм зэдайхэм хэтхэр къэщтэным я IуэхукIэ» 2006 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкIа Указ №139-УП-мкIэ къищтам мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) «Урысейм и цIыхухэм - уасэкIэ зыпэлъэщын псэупIэ зэIузэпэщ» лъэпкъ проект пэрытым егъэщIылIа лэжьакIуэ гупу ведомствэхэм зэдайм КъуэщIысокъуэ А.А., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Республикэ ипотекэ агентствэ» къэрал IуэхущIапIэм и директорыр, хэгъэхьэн, Къумыкъу М.З. къыхэгъэкIыжын;

б) «Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр» лъэпкъ проект пэрытым егъэщIылIа лэжьакIуэ гупу ведомствэхэм зэдайм:

хэгъэхьэн Ерчэн Т. Хъу., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и министрыр;

Жад А.Т. и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм къэрал кIэлъыплъыныгъэмкIэ и управленэм и консультант»;

къыхэгъэкIыжын Бердюжэ В.И.;

в) «Узыншагъэ», «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытхэм егъэщIылIа лэжьакIуэ гупхэу ведомствэхэм зэдайхэм хэтхэм ящыщ Шэвлокъуэ В.В. и къулыкъур къызэрыгъэлъэгъуар мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу зэхъуэкIын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм экономикэ шынагъуэншагъэм и IуэхухэмкIэ и управленэм и консультант».

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м
№31-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м къыдигъэкIа Указ №144-УП-мкIэ къищтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «л» пунктым ипкъ иткIэ **унафэ сощI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым хэтхэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м къыдигъэкIа Указ №144-УП-мкIэ къищтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым зэпымыууэ хэтхэм ящыщу абы хэгъэхьэн Сердюк В.А., Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр (зэгурыIуауэ), къыхэгъэкIыжын Ушаков С.Д.

2. Мы Указым къару егъуэм Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м
№32-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Инвестицэ советым хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм щIышылэм и 5-м къыдигъэкIа Указ №1-УП-мкIэ къищтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Инвестицэ советым хэтхэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым деж щыIэ Инвестицэ советым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм щIышылэм и 5-м къыдигъэкIа Указ №1-УП-мкIэ къищтам мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Ерчэн Т.Хъу. и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и министр»;

б) Советым къыхэгъэкIыжын Бердюжэ В.И.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м
№33-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэнымкIэ щыIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм щэкIуэгъуэм и 25-м къыдигъэкIа Унафэ №29-рп-мкIэ къищтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2007 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м *№21-РП*

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэнымкIэ щыIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэнымкIэ щыIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм щэкIуэгъуэм и 25-м къыдигъэкIа Унафэ №29-рп-мкIэ къищтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн, абы Сердюк В.А., Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ федеральнэ къулыкъум и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр (зэгурыIуауэ) хэгъэхьэн, Ушаков С.Д. къыхэгъэкIыжын.

2. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

IэнатIэр зэтеувэж хуэдэщ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм Iуэхугъуэ тIощIым щIигъум щыхэплъащ. Абы кърихьэлIащ республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу законхэр къыдэзыгъэкI органым щыIэ Къуэшырокъуэ Залым. Правительствэм хухах сыхьэтым хиубыдэу депутатхэр едэIуащ «2002 - 2010 гъэхэм КъБР-м и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм реформэ щегъэкIуэкIыныр, ар къэгъэщIэрэщIэжыныр» республикэ программэ хэхар гъэзэщIа зэрыхъум. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ Парламентым и УнафэщI Бечелов Ильяс.

КъБР-м гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Уянаев Казим** тепсэлъыхьащ республикэм и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм реформэ зэрыщрагъэкIуэкIым, ар зэрырагъэфIакIуэм. Жьы дыдэ зэрыхъуам къыхэкIыу, сом мин 580-рэ трагъэкIуадэри, хуабэ зрикIуэ бжьамийуэ нэгъабэ метр 968-рэ яхъуэжащ. ЩIэуэ зэрагъэпэщыжащ Зеикъуэ къуажэм дэт школ-интернатым и котельнэр, Тэрч къалэм и псэупIэ унэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщыр, IэщIагъэхэм щыхурагъаджэ училищэ №18-р зэрагъэплъ котельнэхэр. Сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Коммунальник» лагерым папщIэ котельнэ щхьэхуэ ящIащ. Апхуэдэ дыдэу тIу щагъэуващ Дзэлыкъуэ поселкэм. Псори зэхэту республикэм 2006 гъэм котельнэ мыину 27-рэ лажьэу щаутIыпщащ. Абыхэм ятекIуэдащ сом мелуан 13,8-рэ.

Дызэрыт илъэсым республикэр хуабэкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ сом мелуани 159,5-рэ и уасэ лэжьыгъэ зэфIагъэкIыну я мурадщ. Иджыпсту IэщIагъэлIхэр нэхъ зытегузэвыхьхэм ящыщщ Налшык къалэм и Ипщэ-КъухьэпIэ хьэблэм дэт котельнэм и щытыкIэр. Абы щIэуэ зы котел щагъэувын, котелу тIу щызэрахъуэкIын хуейщ. Къаруушхуэ текIуэдэнущ Тырныауз къалэм дэсхэр псы хуабэкIэ къызэрызэрагъэпэщыр, унэхэр зэрагъэплъыр егъэфIэкIуэным. Абы къыхэкIыу министерствэмрэ Iуащхьэмахуэ районым и администрацэмрэ зэщIыгъуу зэхалъхьащ котельнэ иным къыгуагъэкIыу, хьэблэ, унэ пыухыкIахэр щхьэхуэу ягъэплъын папщIэ, котельнэ нэхъ цIыкIуу блы зэрагъэувыну план. Ар гъэзэщIэным, зэкIэ къызэрабжамкIэ, сом мелуан 90 хуэдиз ихьынущ.

Уянаев Казим депутатхэр апхуэдэу щыгъуазэ ищIащ «2003 - 2006 гъэхэм КъБР-р псыкIэ къызэзыгъэпэщ системэм зегъэужьыныр, ар къэгъэщIэрэщIэжыныр» республикэ программэ хэхам ипкъ иткIэ зэфIагъэкIахэм, «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхам къытхудэкIуэнухэм, псэупIэхэр зи мылъкуу щытхэм я зэгухьэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым пыщIауэ министерствэм зэфIигъэкIынухэм, псэупIэ фондхэмрэ коммунальнэ IуэхущIапIэхэмрэ зэрызэрахьэну Iэмал нэхъыфIхэр икIэщIыпIэкIэ къэлъыхъуэн зэрыхуейм.

Доклад зыщIам жэуап иритащ Профсоюзхэм я уэрамым тет котельнэхэр зэрызэрагъэпэщыжым **(Атэлыкъ Анатолий)**, Ипщэ-КъухьэпIэ хьэблэм щыIэ котельнэр лажьэу щаутIыпщынум, псэупIэ унэхэр зехьэным и лъэныкъуэкIэ къагъэсэбэпыну Iэмалыр зыхуэдэм (вице-спикер **Федченкэ Людмилэ**), лэжьэкIэ нэхъыфIыр хэIущIыIу зэращIым (спикер **Бечелов Ильяс**), Ипщэ-КъухьэпIэ хьэблэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр щIыIэ мыхъу щIыкIэ яухын папщIэ, зыхуейхэм **(Берд Хьэзрэталий)** ятеухуауэ къызэреупщIахэм.

Гончаренкэ Михаил депутатхэм ягу къигъэкIыжащ цIыхухэр псыкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ зэхалъхьа планыр процент 30-кIэ фIэкI зэрамыгъэзэщIар. ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм реформэ щегъэкIуэкIынри гувауэ щIадзащ икIи абы пыщIа Iуэхухэм ящыщу нобэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIар и Iыхьэ плIанэ иримыкъурщ. Къэпсалъэм апхуэдэу къыхигъэщащ псым и уасэмкIэ щIыхуэшхуэ зэрызэтрихьар, хуабэ къэлэжьыным текIуадэм псынщIэу зэрыхэхъуэр.

Сэхъу Владимир къытеувыIащ псыуэ, хуабэу, нэгъуэщI энергиеу ягъэкIуэдыр зыхуэдизыр тэмэму къэбжын зэрыхуейм. Депутатым къызэрилъытэмкIэ, абы и лъэныкъуэкIэ ику иту Урысейм къыщахьа бжыгъэхэм ебгъапщэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуэхур нэхъыфIщ. Сэхъу Владимир жиIащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр УФ-ми КъБР-ми ябгъэдэлъ мылъкум и процент 25 - 27-рэ зэрыхъур икIи а IэнатIэр зи пщэ дэлъ министерствэ республикэм къызэрыщызэрагъэпэщыжар зэрыфIэтэмэмыр.

Министрым къыхилъхьа информацэр къащтэри, Президиумым хэтхэр зэгурыIуащ зи гугъу ящIа Программэр гъэзэщIэным хурикъун ахъшэр къиутIыпщыну республикэм и Правительствэм чэнджэщ иратыну.

«КъБР-м и языныкъуэ закон актхэм зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъужыныгъэхэмрэ хэлъхьэным и IуэхукIэ», «КъБР-м зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «КъБР-м и языныкъуэ закон актхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ», «Унагъуэр, анэр, адэр, сабийр хъумэным и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухауэ» законопроектхэр къыхэзылъхьахэу ЗаконодательствэмкIэ комитетым и унафэщI **Абазэ Руслан**, Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Атэлыкъ Анатолий**, Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим** сымэ къапсэлъам едаIуэри, депутатхэм унафэ къащтащ а документхэм елэжьыжын папщIэ зыхуэфащэ комитетхэм хуагъэхьыну.

Абазэ Руслан, Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Малкаров ТIэхьир**, абы и къуэдзэ **Гончаренкэ Михаил**, ЩэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ комитетым и унафэщI **Бабаев Хъусей**, Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Мэремыкъуэ Сэфарбий, Жанатаев Сэлим**, абы и къуэдзэ **Гуляевэ Валентинэ** сымэ къыхалъхьэри, депутатхэр хэплъащ икIи я нэхъыбэкIэ даIыгъащ УФ-м и нэгъуэщI субъектхэм я парламентархэм законхэр къыдэгъэкIыным теухуауэ къагъэхьа жэрдэмхэм.

КъаIэрыхьа материалхэм щыгъуазэ защIа, РегламентымкIэ комитетым и унафэщI **Махуэ Владимир** къипсэлъам едэIуа нэужь, Президиумым хэтхэм унафэ къащтащ егъэджэныгъэм и ветеран Уэлджыр Музрачрэ «Эльбрусстрой» акционер обществэ зэIухам и директорхэм я советым и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат Гызыев Хъасымрэ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иратыну.

ЗэIущIэм и кIэухым зи чэзу Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм щытепсэлъыхьым, **Сэхъу Владимир** УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым иригъэкIуэкIа парламент едэIуэныгъэм, **Гончаренкэ Михаил** - Урысей Ипщэ Парламент Ассоциацэм Промышленнэ зыужьыныгъэмкIэ и комитетым и зэIущIэм, **Атэлыкъ Анатолий** - республикэм Гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэм зэрыхэтар я лэжьэгъухэм хуаIуэтэжащ.

КъБР-м и Парламеным и пресс-IуэхущIапIэ.

ТХЫДЭМ

Къэралымрэ абы и цIыхухэмрэ я пщIэр яхъумэу

● Ар зэрыщытар

Сыт хуэдэ зэмани лъэпкъхэр хущIэкъурт езыхэр зыщыпсэу къэралым и щIыхьыр яхъумэным. Абыхэм я гуапэу ягу къагъэкIыжырт а къэралым блэкIа лъэхъэнэм къихьауэ щыта текIуэныгъэ инхэр. Иджыри къэс ди дежи апхуэдэу къыщекIуэкIащ. АрщхьэкIэ иужь илъэсхэм тхыдэтх, политик пцIыIуэпцIышэхэр хэ тщ ди цIыхубэм совет зэманым къихьа ехъулIэныгъэ псори щагъэгъупщэжыну, фашизмэмрэ япон милитаризмэмрэ зэрызэхакъутари яхэту. Ди дзэзешэ цIэрыIуэхэм я гугъу щащIыр зэзэмызэщ. Нэхъыбэу экранхэм узыщрихьэлIэр ди дзэр, ди къэралым и унафэщIхэр зыгъэулъий фильмхэрщ. Абы щыгъуэми США-мрэ Инджылызымрэ щытхъупс кърагъэжэх. Псом хуэмыдэу Накъыгъэм и 9-р къыщыблагъэкIэ. Дэ къыткъуэта къэралхэм я щIыхьыр драгъэуей, дыдейхэр къыщIрагъэдз мылъкур зэзыпхъуэхэу, лейзехьэу щытауэ.

ЗАУЭМ хэмытахэм, абы и екIуэкIыкIам щымыгъуазэхэм мыр ящIэну сыхуейт.

Хэку зауэшхуэм и пэщIэдзэм Германием дивизие 240-м нэблагъэ иIащ. Абыхэм ящыщу 170-р (а бжыгъэхэм хэлъхьэж фашистхэм къадэзауэ нэгъуэщI къэралхэм я дивизиеу тIощIи) СССР-м кърaутIыпщащ. Советыдзэм Германиемрэ абы къуэ т къэралхэмрэ я дивизиеу 607-рэ зэхикъутащ, дэ къыддэзэуахэм яхузэфIэкIар дивизиеу 178-рэщ. Зауэр зэрекIуэкIа илъэсхэм нэмыцэ хэм яфIэкIуэдащ цIыху мелуани 10-м щIигъу. Абыхэм ящыщу американхэмрэ инджылызхэмрэ япэщIэту хэкIуэдар нэмыцэ мелуани 3-рэ мин 600-рэщ.

Зауэм и илъэсхэм Германием фIэкIуэдащ кхъухьлъатэ мини 102-рэ. Абыхэм ящыщу мин 75-р къыщраудыхар совет-герман фронтырщ. ТанкхэмкIи, т опхэмкIи, автомашинэхэмкIи, нэгъуэщI техникэкIи къыдгухьахэм яфIэкIуэдар хуэдищкIэ нэхъ мащIэщ.

Сыт хуэдэ IэщэкIэ дызэрызэуар? Дэ зэи дбзыщIакъым США-мрэ Инджылызымрэ зэрызауэ техникэкIэ къызэрыддэIэпыкъуар. Абы щхьэкIэ фIыщIэ яхуэтщIа къудейкъым, атIэ ди дыщэ тоннищэхэри еттащ. Зауэм и илъэсхэм абыхэм къытхуаутIыпщащ кхъухьлъатэ мин 12-рэ 200-рэ, танк мини 9, автомашинэ мин 212-рэ. Бжыгъэшхуэщ, ауэ абыхэм я гугъу щащIкIэ, зыщагъэгъупщэ ди тылым и лэжьакIуэхэм зэфIагъэкIахэр. Абы щыгъуэми ди деж щагъэхьэзыр кхъухьлъатэхэр, танкхэр куэдкIэ нэхъыфIт къыдатхэм нэхърэ.

Иджы штрафной ротэхэмрэ батальонхэмрэ ягъэзэщIа къалэным теухуауэ.

Иужь илъэсхэм зыгуэрхэм я жэрдэмкIэ ягъэIу абыхэм ди къэралыр кърагъэлауэ.

Фронтым сэ ныбжьэгъу къыщысхуэхъуат штрафной ротэм и унафэщI таджик лейтенант Гулямшаевыр. Абы сэ езым и цIыхухэр къызитырт инженер ухуэныгъэхэр псынщIэу едгъэкIуэкIын хуей щыхъукIэ. Арати, щыгъуазэ сыхъуат а ротэм хузэфIэкIынур зыхуэдизым. Ар ди дивизием къыхыхьэртэкъым, къыщыдатыр къалэн пыухыкIахэр зэфIэдгъэкIын хуей щыхъум дежт. Дивизием сэлэту, офицеру мини 7-м щIигъу зэрыхэтыр, ротэр зи къуаншагъэр зыпшыныж цIыхуи 100-м нэблагъэ фIэкIэ зэрымыхъур къэплъытэмэ, сыт хуэдэу хахуэу мызэуами, дэ ахэр сэбэпышхуэ къытхуэхъуфынутэкъым. Дауи, абыхэм лIыгъэ къагъэлъагъуэрт, я къуаншагъэр лъыкIэ япшыныжыну хущIэкъуу, ауэ ахэр щытыкIэ гугъу дыдэ итауэ жыпIэ хъунукъым. Хуагъэгъуа иужь, ахэр зыхэта частым хагъэхьэжырт, яIыгъа къулыкъум ещхь гуэр кърaтыжырт.

Штрафной батальонхэм хагъэхьэр къуаншагъэ зылэжьа офицерхэрт. Дэтхэнэми хэтт цIыху 300-400. Армэ куэдым яIэтэкъым апхуэдэ батальонхэр. Аращи, сыт хуэдэ лIыгъэ зэрамыхьами, иужьрейхэм батэ ягъэшыфынутэкъым. Мыри щIызгъужынщ: зи гугъу тщIы ро тэхэмрэ батальонхэмрэ яхэту зыми къигъэлъэгъуэфакъым генерал Панфиловым и зауэлIхэм е Сталинград Павловым и унэр щызыхъумахэм зэрахьа лIыгъэм хуэдэ.

ЦIыху мамыру хэкIуэдахэм я бжыгъэр зыхуэдизым щыгъуазэтэкъыми, Сталин Иосиф зауэм и кIэухым жиIауэ щытащ Совет Союзым цIыху мелуан 20 фIэкIуэдауэ. Ауэ нэхъ тэмэму къабжа иужь, дэ цIыху мелуан 27-м нэс тхэщIауэ къыщIэкIащ. Я зэхуэдитIым нэсыр цIыху мамырхэрщ. Советыдзэхэмрэ абы и генералхэмрэ яхуэдзэлашхэхэм жаIэ цIыху мелуан 40-м щIигъу хэкIуэдауэ (Новодворскэм хуэдэу «Iуэ хум хэзыщIыкIхэм» - цIыху мелуан 60). СССР-м цIыхухъуу а зэманым щыпсэуам нэхърэ нэхъыбэ. Ауэ дзэм хэта псори цIыхухъукъым, абы щыгъуэми фронтым щыIахэм я зэхуэдитIым щIигъум къагъэзэжащ. Сэ сызыщеджа педучилищэм и студент 15 зауэм дыкIуащ; 9-м къэдгъэзэжащ. Сэ си къуажэ Зольскэм дашащ цIыхуи 127-рэ. ЦIыху 60-м къагъэзэжакъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым фронтым игъэкIуащ езым и къуэхэу, ипхъухэу мин 62-рэ. Абыхэм я зэхуэдитIым нэсыр зауэм къикIыжащ.

Британие империем 1939 гъэм фокIадэм и 3-м къыщыщIэдзауэ укIыгъэу фIэкIуэдащ цIыху мин 750-рэ 300-рэ. Абыхэм ящыщу езы Инджылызым щыщхэу мин 290-рэ 500-рэ. США-м псори зэхэту фIэкIуэдар зэрыхъур цIыху мин 300-м нэблагъэщ.

ЛъэныкъуэхэмяфIэкIуэдахэр зыхуэдизыр зэрагъапщэмэ, гурыIуэгъуэ мэхъу фашистхэм я пщэгурыгъыр зэпызыщIыкIар совет зауэлIхэр зэрыарар.

Хэку зауэшхуэм хэтахэм я гуапэ хъуащ ТекIуэныгъэм и махуэр илъэс къэс ягъэлъэпIэн хуейуэ Президент Путин Владимир зэрыжиIар. Апхуэдэ дыдэу унафэ къащтэн хуейщ Японием дыщытекIуа махуэри гъэлъэпIэным теухуауэ - иужь зэманым американхэм ягу къагъэкIыжыркъым Японием и лъэсырыкIуэдзэр зэ хэзыкъутар Совет Союзыр зэрыарар.

Европэр фашизмэм и бжьым къыщыщIагъэкIыжым совет зауэлIхэм цIыхухэр яхъунщIакъым. СССР-р хьэжыгъэкIэ, нэгъуэщI ерыскъыхэкIхэмкIэ ядэIэпыкъуащ Венэрэ Варшавэрэ, Будапештрэ Берлинрэ, Краковрэ Гданьскрэ, Лейпцигрэ Дрезденрэ, нэгъуэщI къалэхэми щыпсэухэм. Тхыдэм и пэжыр апхуэдэщ.

Къэралымрэ абы и цIыхухэм я пщIэмрэ щIыхьымрэ дывгъэхъумэ, мафIаем хисхьахэм я фэеплъыр зыщыдвмыгъэгъэгъупщэ! Ар иужьрейхэм ялъкIэ къалэжьащ.

ПОЛИЩУК Иван,
дзэм къыхэкIыжа майор,
УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт.

Хэкур зыхъумэм узэрытемыкIуэнум, ди цIыхухэм зэрахьа лIыгъэм, абыхэм къакъуэкIа къарум я нэщэнэ телъыджэт ТекIуэныгъэм и парадым щекIуэкIа Iуэхугъуэр. Лениным и Мавзолейм сэлэтхэр сатыру екIуалIэрти, фашист корпусхэм, дивизиехэм, полкхэм я ныпхэр щыхыфIадзэрт. Гугъуехьу я нэгум щIэкIар ящигъэгъупщэжауэ къащыхъуу, цIыхухэр гуфIэрт, я къэралым хузэфIэкIам ирипагэрт.
1945 гъэ, мэкъуауэгъуэм и 24-м.

ХЭМЫГЪУЭЦІЭЖ ІАХУАГЪЭ ЗЕЗЫХЬАХЭР

Фин зауэм къикІыжа нэужь, Семэн Хьэжбарэ партым и Аруан раркомым щыІэжьащ инструктору. Ауэ а Іэнатіэм кІуэдрэ пэрыпыну къыхихуукъыкІыдыгъ щІалэм. Фашистхэр къэралым къыщытеуэм, бронь иІэ пэтми, щІэпІэУрИ, и хэкур ихьУмэжыну дэкІыж. Старэ Шэрэдж щыщ офицер щІалэр хохуэ 3-нэ Украин фронтым икІи взводым и командиру яГъэув.

Щэ къутахуэ и гум хэпъми...

ЗЭКЪЫМ, тІэныкым Хьэжбарэ псэзэпылъхьапІэ зэрыхуар, и зауэлІ гупым бжыгъэкІэ кьебгэкІ нэмыцэхэр зэрырагъэкІуэтар. Украинэр хуит къэщІыжыным щыІэрихьа лІыгъэм папщІэ, абы къыхуагъэфащуэуэ щытащ «За отвагу» медалу тІу.

Псом хуэмыдэу гуащІэу щытащ Киев къалэр биидзэм кьыІэщІэгъэкІыжьым теухуауэ екІуэкІа зауэр. Абы хэкІуэдащ, пЬэнжьыугІми щыщу цІыхУ куэд. Ди зауэлІхэр щебгъэрыкІуэм къыхагъащІэ ротэм и командирыр. Абы и кьалэныр Хьэжбарэ и пщэ дилъхьэри, сэлэтхэр ирешажьэ. А зауэ гуащІэм уІэгъэ хьэлъэ щоХьри, сымаджэщым нагьэс... ЗыкъыщІэжа нэужьщ Хьэжбарэ къыщыщІар а зэхэуэм щызэрихьа лІыгъэм папщІэ Хэку зауэзхуэм и орденым и ялэ нагьыщэр къыззрыхуагъэфащар.

Къыкъуэдкъуэу зауэм къикІыжа пэтми, гвардием и капитан Семэныр Іуэхущэу щысыфынутэкъым икІи къуажэдэхэм я пЬэлур район унафэщІхэм къабыл ящІри, Хьэжбарэ хах хохуэ унафэщІу. А къулыкъум зэрыпэрыта ильэс зыбжанэм абы лэжьыгъэшхуэ зэфІихьэкІащ. Ар зи унафэщІ хозяйствэр районым щынэхьыфІ дыдэхэм ящыщ зы хьуат. Семэным и Іэнатіэр зэрихьащ жащ-махуэ имыІэу: шым тесу къуажэ губгъуэхэр, фермэхэр къызэкиКІуэку, цІыхубэ мылъкур хьума зэрыхъуным и кІэ тригъэт зэпыту. Ауэ зауэм щигъэуэта фэбжьымрэ (и гум щэ къутахуэ хэпъи) лэжьыгъэ гугъумрэ зы хъужри, ар пасэу дунейм ехьажащ, илъэс 36-рэ фІэкІ кьимыгъэІущэу.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зи ГьащІэр хэкум, зи къуажэм щхьэзыхьхь хуэзыщІа очІагъэр хахуэм, лэжьакІуэшхуэм Хьэфащэм пщІэ къуэтакьым: и щхьэгъусэмрэ и бынкэмрэ гулъытэншэу къэнащ, а зэманым лэжьа ящыныкъуэ унафэщІхэм я зэранкІэ.

Семэн Хьэжбарэ илъэгъэ-пЭщыным теухуа унафэм республикэм и дэнэ щыпІи хуэдэу, бахьсэндэсхэри зэхэщІыкІ лъагэкІэ Іущ1ащ икІи япэ махуэхэм кьыщыщІэдзауэ а Іуэхум жыджэру хэтащ.

Районым, жылагъуэхэм, колхозхэм, совхозхэм, предприятэхэм, Іуэхуіащ-пІэхэм я унафэщІхэр, лэжьакІуэ гупхэр цІыхухэр кьыхэхьыным, ахэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ кьызэгъэпэщыным жэуаплымыгъэ хэлъу бгъэдыхьащ.

Дивизиер кьызэгъэпэща зэрыхъум и Іуэхур мызэ-мытІэу щызэпкърахащ партымрэ комсомолымрэ я райкомхэм я бюрохэм я зэІущІэхэм. Абыхэм гулъытэ хэха щызыуащІырт колхозхэм, совхозхэм, къэрал предприятэхэмрэ организацэхэмрэ я хьэжькІэ щыхэр, уанэхэр, фащэхэр къэгъэтын зэрыхъуейм.

Щоджэн Мысост и унафэщІу Зеикъуэ хьуажэм кьыщызэІуахат щакІуэхэр, джэдыгу кІэщІхэр, упщІэ Іэльъэхэр, цы лъэпэдэхэр щагъэхьэзыр лэжьапІэхэр. Жэщи махуи апхуэдэ Іэнатіэхэр щэнаІуэ щыщІалэхэрт Къызбрун Есанэ, ЕтІуанэ, Старэ Крепость, Кьыщэк жылагъуэхэм, нэгъуэщІ щыпІэхэми. А щыкІэм тету Бахьсэн куейм дивизием щхьэкІэ хьэзыр ищІри военкоматым иритащ джэдыгу кІэщІу 500-м нэблагъэ, упщІэ вакъэуи апхуэдизэ, щакІуІуэ 450-м нэблагъэ, Іэльэу 600, цыльэпэду 500, нэгъуэщІ куэди. Колхозхэмрэ совхозхэмрэ кьыщыхахащ шы зэгъэпэщащуэ 700-м щІигъу.

Хэку зауэшхуэр кьыщыхьеям Шогуэ Мухьэмэд Бахьсэн райисполкомым и унафэщІт; Уэзыс Хьэжмудар партым и райкомым и секретарт, зэфІэкІ зыбгъэдэлъ, пщІэшхуэ зиІэ цыхУ жыджэрхэт, фронтым ягъэкІуэну тІури ещыщІэльэІурт. Куэд дэмыкІыу Шогуэр 115-нэ шуэй дивизием и эскадроным и политрук ящІ, Уэзыр 316-нэ шуэй полкым и парт бюром и секретарь мэхъу. Бахьсэн районым щыщу абыхэм ягъэсащ Іэпщэ Азрэт, Кьэжэр Хьэшыр, Абаз Іэдэм, Куэтэншы Пилэ, Кіуэкіуэ Мухьэмэд, ШыдИбрэхьим, Джэрыджэ Чэмал, Сэбаншы Тамбий, Кьалмыкъэ Мухьэмэдрэ Даутрэ, ГъукІэ Джэфар, Кьуршэ Хьэмац, Лъэпщ Цыцэ, Абрэдж Сэрал, Кьурашын Мухьэмэд, Дыкьынэ Мурадин, Хьэмырзэ Башир, Сыжажэ Талий, Тембот Іэлисаиб, Уэзы Мухьэмэд, ШыкІэбахьуэ Мусэ, Хьэжмэт Мухьэмэд, Гуэшокьуэ Аслъэнбий - псори зэхэту цыху 400-м щІигъу.

Хэкум и кІуэ пэж

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэр щыуэй дивизиер кьыщызэрагъэпэщым партым и Бахьсэн райкомым кадр Іуэхухэмкіэ и секретарь Уэзыс Хьэжмудар 316-нэ полкым парторгыу ягъэкІуэт. А кьалэныр ирихьэкІыуи фронтым Іухьащ.

Зыщыхуу щытахэм кьызэрагъэтэжьымкІэ, Хьэжмудар хэкуліІт, кьызэгъэпэщащІуэ Іоэст, зауэлІ хахуэт. Зыхэт часым и парт организацэм и пщІэр кьэІэтыным, ар полк псом и щапхъэ, и пашэ щыным хущІэкъу зэпытт, хъарзынэуи кьехъулІэрт.

1942 гъэм и бадзэуэгъуэ лыбгъуей (Къызбрун Есанэ) кьуажэм щыщІ. 115-нэ шуэй дивизием хэту 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м кьыщыщІэдзауэ ар щызэуащ Ростов областым и Сальск губгъуэхэм, Кьалмыкыым, Сталинград и Іэшэльашэхэм.

«Мартыновкэшхуэ деж щыІэкІа зэхэуэ Іуэгъуэр лъыгъажэ дыдэт. Топхэм я уэ макъымрэ танкхэм я гъуахуэ макъымрэ зэхэзэрыхьыжри, щыІэр зэщІатат, Іугъуэмрэ гъуэзымрэ нэр ягъаплъэртэкъым. Іэщэрэ щыхуэкІэ кьыдзбжІми, 115-нэ шуэй дивизием и командирхэмрэ зауэлІхэмрэ хэщІыныгъэшхуэ ирату бийм хахуэу пэщІэтащ. Абы щыгъуэ си нэгу щІэкІахэр къэІуэтэжьыгъуейц», - жеІэ Уэлий.

Зэрихьа лІыгъэм папщІэ, Мамхэгьым кьыхуагъэфэщащ «Хэку зауэшхуэм и ятэ нагьыщэ» орден, «Къигъэльэгъуа хахуагъэм папщІэ» медаль, нэгъуэщІ дамыгъэ льапІэхэр.

Ар ноби зэрыбжьыфІэщ, 115-нэ шуэй дивизиэм и ветеран организацием и лэжьыгъэм жыджэру хэтащ.

Лыгъейм къелауэ

ХЬЭТІОХЬУЩІКЪУЕЙ (Къызбрун Есанэ) кьуажэм щыпсэу Кьанщауэ Мусэбий Исуф и кьуэр ящыщІ Хэку зауэшхуэм щхьэмыгъазэу хэтажэм.

Сэ мызэ-мытІэу абы сыхуэзащ икІи сепсэльыпІащ. Зэманышхуэ блэкІами, Мусэбий ещІэж 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м 115-нэ Кьэбэрдей-Балькъэр шуэй дивизием и зауэлІхэм Ростов областым и Сальск губгъуэхэм щагъэхьэхьащ. Кьанщауэм щыгъуу а щыпІэм хахуэу щызэуащ Бахьсэн куейм щыщ щІалэхэу Щогуэ Мухьэмэд, Елмэс Іэбу, Кьуршэ Хьэмац, Кьэжэр Хьэшыр, нэгъэщхьэрэ, Ди щхьэхуитныгъэм папщІэ зи псэр зытах эр куэд мэхъу. Апхуэдэщ Щоджэн Мухьэмэд, Молэ Пакъэ, Бесльэней Хьутэ, Кьуэдзокъуэ Хьэмидбий, Кьуэныкъуей Шагъир, нэгъуэщІ Іэджи.

Мэгъэщыж щыхьэдыжа нэужь, Мусэбий нэгъуэщІ дзэ частым хэхуэри, тенджьыз десант дивизием хэту Кьрым дежь щызэуащ. Текіу энигъэр къэхьыныж куэд имыІэжу, етІуанэу уІэгъэ хьэлъэ хьури, кьыщыгъэззэкар 1945 гъэм и дыгъэгъазэ мазэрщ.

Мы зэманым Кьанщауэ Мусэбий Хьэтіохьущыкъуей кьуажэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэщ.

БЕКЪАЛДЫ Илэ,
Бахьсэн кьалэмрэ районымрэ я ветеранхэм я советым и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.

Лесев Виталий и гъэзэуанэр

Илъэс хьщІым щІигъуащ Хэку зауэшхуэр зэрыцхрэ. Ауэ щыхуабэм щыгъупщэрхьым абы и Іуэжь щыпагъуэхэр. Ахэр, дауи, ныжьыбжьыкІуэхэм Хэкур яубдаМэ. Ар къагурыІуэри, ди къэралыгъуэшхуэм и лъэпкъ зэмыдІэужьыгъуэхэр, зыкІи быным и зауэгъу зэкъуэту, бий бзаджэм пэщІэуваш.

ЗАУЭМІухьащ Къэбэрдей-Балькъэрым и бынхэу мин 62-м щІигъу. Абыхэм ящыщт зи ныжьыкІи илъэс 17 фІэкІа мыхъу нашыкьдэс Лесев Виталий, Грознэ къалэм дэт щІыдагъэ институтым и студентыр.

Абы и зауэ гъэгуанэхэм я щІэдзапІэ хьуар Курп лъагагІпэхэщ. Кудым эращІэщи, мыбдежым щекІуэкІащ лъытгъажэ зэхэуэ Іуджэ. Фашистхэр хуэпабгъэ щэщІэн щІы-пашъхьэ и щІыдагъэм. Советыдзэхэми фІыуэ къагурыІуэрт а кьулеигъэхэр бийм Іэрыбгъэхьэ зэрымыхьнур. Ди сэлэтхэм я мурадыр къайхъулІащ - нэмыцэхэр, мы щІыпІэм фІэкІыу зэпкъэ кІуэтэфакъым, икІуэтыжу щІадза мыхъумэ.

Лесев Виталий 317-нэ фочаэу дивизием и сэлэтхэм яхэту и зэфІэкІ хилъхьащ Совет Союзым и къалэ, кьуажэ Іуджэхэр хуит къэщІыжьыным. Сэлэт хахуэр щызэуаи Украинэм, Венгриием, Австриием, Чехословакиием. Прагэ деж щиухащ Лесевым и зауэ гъэгуанэхэр.

Пщы хэмылъу, гугъу ехьащ ар, зыбжанэрэ псэзэпылъхьапІэ ихуащ. 1944 гъэм уІэгъэ хьэлъэ зэрыхъуар зыкъомкІэ зэран кьыхуэхуащ - абы и гугъу тщІынущ нэхъ иужьыІуэкІэ.

ЛейтенантГ Лесевым зауэм кьыщихьащ Хэку зауэшхуэ орденым и ялэ, етІуанэ нагьыщэ хэр, «И лЬыхъужьыгъэм папщІэ» медалу тІу, нэгъуэщІ медалу пщыкІутхУ!

1945 гъэм и мэкъуаугъэуэ мазэм 317-нэ дивизием и бэракъым Кремлым кьыщыхалъхьащ Бэракъ Плъыжь орденыр. Абы теухуауэ екІуэкІа туфІэгъуэ зэхуэсым ирагъэблагъэт Лесевэри, ар дивизиием и командир нэхъыщІэхэм я нэхъыфІ дыдэу зэрыщытар кьалъытэри. ЕзІуІэм хэтхэм епсэльпылъуэрэ, С ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІу а зэманым щыта Калинин Михаил Лесевым кьыбгъэдыхьэри кьеуплщащ зауэм хэмыхьэ щыкІэ иІа Іуэхущафэхэмкіэ. Институтым щІэтІысхьауэ зэрыщытар щыкІэрпэм, кьыныгуфІыкІри, ЧэнджэщкІыртащ и щІэнэтІэм дяпэкІэ кьыпищэну.

«Союзпсо старостэ» жьыхуаІэу щытам и чэнджэщхэм едаІуэщ, нэмыцІэбзэри инджжылызбзэри фІыуэ зэрищІэ кьиІытыэри, Лесевыр щІэтІысхьащ хамэ къэралыбзэхэр щаджжу Москва дэт военнэ институтым. Абы фІы дыдэуи щедакъуэу иригъэжьат, ауэ къэтъхьэхьэм и зэранкІэ тхъэжЬуэ жьажьэ зэрыхьуар кьыщащІэм, егъэджакІуэхэм екІэхкІ кьехьэкІ зэмыгъуэ кьыжраІащ институтыр кьиуэмэ, игъуэтыну зэдзэкІакІуэ Іэщ1ащэр абы сбэзп кьызэрыхуэмыхьуэнур, гугъу зримыгъхьмэ зэрыпэхьыфІыр.

Сыт ищІэнт, Налшык къигъэзжри, Къэбэрдей-Балькъэр пединститутым и физикэ-математикэ факультетым щІэтІысхьащ. Ар фІы дыдэу кьнухри, институтым щылъэкІыну къагъэнэжащ. 1955 гъэм кьыщыІэдзауэ 1994 гъэм нэсыху (дунейм ехьыкьыу) лэжьащ ассистентэу, егъэджакІуэ нэхьыжьу, математикэ анализымкІэ кафедрэм и доценту, инженер-техникэ факультетым и деканэу, КъБКъУ-м щІэныгъэ Іуэхухэмкіэ и проректору.

Лесевыр математик Іэзэт (а щІэныгъэмкіэ кандидат хьуат), Іэщ1агъэлІ Іэкіуэльтакіуэт, егъэджакІуэ гъуэзэджэт. Абы и дерсхэр купщафІэт, гъэщІэгъуэнт, щапхъэ Іупщ1хэмкіэ кьулеит. Езыри цІыху гуапэт, гуныпТэ, нэмыс зыхэлът.

Илъэс пЛыщ1 хуэдизкІэ абы жьыдэкъу ириГъэкІуэкІащ. «ЖылагъуэІ пэжьыигъэ» жьыхуаІэ хэр. Бзэсэнигъэм хуэунэтІа Іуэхутеуэ щхьэхуитныгъэ. Миверситетым и парт комитетым и унафэщІу щыщІытами, куэдым гу лъатэрт абы и щабагъэм, гуапагъэм, щыцІыфІагъэм.

А псоми къьдэкІуэу, Лесевым Тхъэшхуэр кьыхуэупсат жьыкІуэу, удихьэхьу псэлъэным, екІуу, купщафІэу икІи къэтІ дахэкІэ тхэным быдзу Іэщ1а зэчий хьарзынэкІэ. Хэку зауэшхуэм жьыджэру хэта сэлэтыр гурэ псэкІэ дихьэхьырт. езым хуэдэу зауэ гъэгуанэ Іэджэхэр зэпызычахэм теуухуа тхыгъэ хэр гъэхьэзырыным, куэдыр зыщымыгъуазэ ІлЬыхъужьхэм я гъащІэм, зэрахьа лІыгъэхэм т тетхыхьыным, зауэм хэкІуэдахэм ятеухуа дэфтэрхэр кьиІлЬыхъуэ жьыным, хэГупщІыну щщІыным. Лесевым и тхыгъэ хэр щІэж-щІэхьурэ кьыхтехуэрт республикэм и кьыщыдэкІ газетхэм, тхыгъэ щхьэ хуэуи дунейм кьыпрехьэрт. Ар яхэтащ «Боевая слава Кабардино-Балкарии» тхыгъэ пІащІэхэр зыгъэхьэзырахэми.

Лесевым и тхыгъэхэм щІэупщІэшхуэ яІэт. Абы и лэжьапІэ пэшым щыпІпалъунут зауэм хэтахэр, тхыгъэ, сурэт зэмылІэужьыгъуэхэр кьыхуэхьыха нэхъыжьыфІхэр. ЦІыхум яхэту, зэІущІэхьуэми ирагъэблагъу, тхьыбжьыкІуэ нЬыжьыщІэхэми ядэлажьэу - апхуэдэуэрэ зэкъуэгурыкІуащ зауэлІыр, щІэныгъэлІыр, егъэджакІуэр, журналистыр.

ЧЫМ Юрэ,
КъБКъУм и ветеранхэм я советым и унафэщІ.

Щэ къутахуэ и гум хэпъми...

Уэзы Хьэжмудар

Мамхэгъ Уэлий

Кьанщауэ Мусэбий

115-нэ Кьэбэрдей-Балькъэр шуэй дивизие кьызэрыІуэр Хэку зауэшхуэм и тхьдэм хьыхащ зихуэдэ щыкІэ ІуэхущІэу. МащІэкъым тражыІыхьари тратхьхьари Бахьсэн куейм щыщу абы хэтахэу, БгъэжьнокъуэУ Зыхьэм, Мамхэгъ Уэлий, Къэжэр Хьэшыр, Кьанщауэ Мусэбий, Елмэс Іэбу, нэгъуэщІхэмш...

1941 гъэм и бжьыхьэм Кьэбэрдей-Балькъэрым и шууей дивизие кьызэрэзэпэщыным теухуа унафэм республикэм и дэнэ щыпІи хуэдэу, бахьсэндэсхэри зэхэщІыкІ лъагэкІэ Іущ1ащ икІи япэ махуэхэм кьыщыщІэдзауэ а Іуэхум жыджэру хэтащ.

Районым, жылагъуэхэм, колхозхэм, совхозхэм, предприятэхэм, Іуэхуіащ-пІэхэм я унафэщІхэр, лэжьакІуэ гупхэр цІыхухэр кьыхэхьыным, ахэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ кьызэгъэпэщыным жэуаплымыгъэ хэлъу бгъэдыхьащ.

Дивизиер кьызэгъэпэща зэрыхъум и Іуэхур и Іуэхуэ мызэ-мытІэу щызэпкърахащ партымрэ комсомолымрэ я райкомхэм я бюрохэм я зэІущІэхэм. Абыхэм гулъытэ хэха щызыуащІырт колхозхэм, совхозхэм, къэрал предприятэхэмрэ организацэхэмрэ я хьэжькІэ щыхэр, уанэхэр, фащэхэр къэгъэтын зэрыхъуейм.

Щоджэн Мысост и унафэщІу Зеикъуэ хьуажэм щызэІуахат щакІуэхэр, джэдыгу кІэщІхэр, упщІэ Іэльъэхэр, цы лъэпэдэхэр щагъэхьэзыр лэжьапІэхэр. Жэщи махуи апхуэдэ Іэнатіэхэр щэнаІуэ щыщІалэхэрт Къызбрун Есанэ, ЕтІуанэ, Старэ Крепость, Кьыщэк жылагъуэхэм, нэгъуэщІ щыпІэхэми. А щыкІэм тету Бахьсэн куейм дивизием щхьэкІэ хьэзыр ищІри военкоматым иритащ джэдыгу кІэщІу 500-м нэблагъэ, упщІэ вакъэуи апхуэдизэ, щакІуІуэ 450-м нэблагъэ, Іэльэу 600, цыльэпэду 500, нэгъуэщІ куэди. Колхозхэмрэ совхозхэмрэ кьыщыхахащ шы зэгъэпэщащуэ 700-м щІигъу.

Хэку зауэшхуэр кьыщыхьеям Шогуэ Мухьэмэд Бахьсэн райисполкомым и унафэщІт; Уэзыс Хьэжмудар партым и райкомым и секретарт, зэфІэкІ зыбгъэдэлъ, пщІэшхуэ зиІэ цыхУ жыджэрхэт, фронтым ягъэкІуэну тІури ещыщІэльэІурт. Куэд дэмыкІыу Шогуэр 115-нэ шуэй дивизием и эскадроным и политрук ящІ, Уэзыр 316-нэ шуэй полкым и парт бюром и секретарь мэхъу. Бахьсэн районым щыщу абыхэм ягъэсащ Іэпщэ Азрэт, Кьэжэр Хьэшыр, Абаз Іэдэм, Куэтэншы Пилэ, Кіуэкіуэ Мухьэмэд, ШыдИбрэхьим, Джэрыджэ Чэмал, Сэбаншы Тамбий, Кьалмыкъэ Мухьэмэдрэ Даутрэ, ГъукІэ Джэфар, Кьуршэ Хьэмац, Лъэпщ Цыцэ, Абрэдж Сэрал, Кьурашын Мухьэмэд, Дыкьынэ Мурадин, Хьэмырзэ Башир, Сыжажэ Талий, Тембот Іэлисаиб, Уэзы Мухьэмэд, ШыкІэбахьуэ Мусэ, Хьэжмэт Мухьэмэд, Гуэшокьуэ Аслъэнбий - псори зэхэту цыху 400-м щІигъу.

Хэкум и кІуэ пэж

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэр щыуэй дивизиер кьызэрагъэпэщым партым и Бахьсэн райкомым кадр Іуэхухэмкіэ и секретарь Уэзыс Хьэжмудар 316-нэ полкым парторгыу ягъэкІуэт. А кьалэныр ирихьэкІыуи фронтым Іухьащ.

Зыщыхуу щытахэм кьызэрагъэтэжьымкІэ, Хьэжмудар хэкуліІт, кьызэгъэпэщащІуэ Іоэст, зауэлІ хахуэт. Зыхэт часым и парт организацэм и пщІэр кьэІэтыным, ар полк псом и щапхъэ, и пашэ щыным хущІэкъу зэпытт, хъарзынэуи кьехъулІэрт.

1942 гъэм и бадзэуэгъуэ лыбгъуей (Къызбрун Есанэ) кьуажэм щыщІ. 115-нэ шуэй дивизием хэту 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м кьыщыщІэдзауэ ар щызэуащ Ростов областым и Сальск губгъуэхэм, Кьалмыкъым, Сталинград и Іэшэльашэхэм.

«Мартыновкэшхуэ деж щыІэкІа зэхэуэ Іуэгъуэр лъыгъажэ дыдэт. Топхэм я уэ макъымрэ танкхэм я гъуахуэ макъымрэ зэхэзэрыхьыжри, щыІэр зэщІатат, Іугъуэмрэ гъуэзымрэ нэр ягъаплъэртэкъым. Іэщэрэ щыхуэкІэ кьыдзбжІми, 115-нэ шуэй дивизием и командирхэмрэ зауэлІхэмрэ хэщІыныгъэшхуэ ирату бийм хахуэу пэщІэтащ. Абы щыгъуэ си нэгу щІэкІахэр кьЭуэтэжьыгъуейц», - жеІэ Уэлий.

Зэрихьа лІыгъэм папщІэ, Мамхэгъым кьыхуагъэфэщащ «Хэку зауэшхуэм и ятэ нагьыщэ» орден, «Къигъэльэгъуа хахуагъэм папщІэ» медаль, нэгъуэщІ дамыгъэ льапІэхэр.

Ар ноби зэрыбжьыфІэщ, 115-нэ шуэй дивизиэм и ветеран организацием и лэжьыгъэм жыджэру хэтащ.

Лыгъейм къелауэ

ХЬЭТІОХЬУЩІКЪУЕЙ (Къызбрун Есанэ) кьуажэм щыпсэу Кьанщауэ Мусэбий Исуф и кьуэр ящыщІ Хэку зауэшхуэм щхьэмыгъазэу хэтажэм.

Сэ мызэ-мытІэу абы сыхуэзащ икІи сепсэльыпІащ. Зэманышхуэ блэкІами, Мусэбий ещІэж 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м 115-нэ Кьэбэрдей-Балькъэр шуэй дивизием и зауэлІхэм Ростов областым и Сальск губгъуэхэм щагъэхьэхьащ. Кьанщауэм щыгъуу а щыпІэм хахуэу щызэуащ Бахьсэн куейм щыщ щІалэхэу Щогуэ Мухьэмэд, Елмэс Іэбу, Кьуршэ Хьэмац, Кьэжэр Хьэшыр, нэгъэщхьэрэ, Ди щхьэхуитныгъэм папщІэ зи псэр зытах эр куэд мэхъу. Апхуэдэщ Щоджэн Мухьэмэд, Молэ Пакъэ, Бесльэней Хьутэ, Кьуэдзокъуэ Хьэмидбий, Кьуэныкъуей Шагъир, нэгъуэщІ Іэджи.

Мэгъэщыж щыхьэдыжа нэужь, Мусэбий нэгъуэщІ дзэ частым хэхуэри, тенджьыз десант дивизием хэту Кьрым дежь щызэуащ. Текіу энигъэр къэхьыныж куэд имыІэжу, етІуанэу уІэгъэ хьэлъэ хьури, кьыщыгъэззэкар 1945 гъэм и дыгъэгъазэ мазэрщ.

Мы зэманым Кьанщауэ Мусэбий Хьэтіохьущыкъуей кьуажэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэщ.

БЕКЪАЛДЫ Илэ,
Бахьсэн кьалэмрэ районымрэ я ветеранхэм я советым и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.


Батырбэч

Хьэпру

Апхуэдэхэр ящыгъупщэркъым

Зи насып кьихьу кьызыгъэзжахэм ящыщу нобэ кьытхэтыжыр хуэдэ щыщІ. Дунейм ехьажащ Кудаев Хьэсэин.

ЗЭРИХЬА лІыгъэм кьыпэкІуэу абы кьыхуагъэфэщащ «Вагъуэ Плъыжь», «Хэку зауэшхуэм и етІуанэ нагьыщэ» орденхэр, «Совет Заполярьем зэрихьумам папщІэ», «1941 - 1945 гъэхэм Хэку зауэшхуэм Германием дьзэрыщытекІуам папщІэ» медалхэр, командованэм и щытхъу тхылъ 37, нэгъуэщІ дамыгъэхэри.

КІыхьт икІи тКІийт щыхь пылъу абы икІуа Гъэгуанэр.

Хьэсэн и сабиигъуэр щыкІуар Гъндолэн кьуажэрщ.

ЗэрыщІыкІырэ егъэджакІуэ �ІэщІагъэм щІхьэкІэ щІалэр классибл нэужьым Кьэбэрдей-Балькъэр педрабфакым щІотІыхьэкІ, ар екъулІэныгъэкІ кьеухри кьуажэм егъэзэж, егъэджэныгъэ зэжьыгъэм жыджэру зрет. Кудаевыр дзэныхьэхьыр школ Іуэхуэм я закъуэтэжьым - абы хъарзынэу кьехъулІэрт ерэд жьІэнри, лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэхэм еэнри. Хьэсэн кьепщІэкІыу хуэжь зэчий зыбгъэдэль ныбжьыщІэхэр икІи куэд дэмыкІыу ар зи унафэщІ художественнэ самодеятельнэ Іуэхущ1ащ. Гупым хэтхэм яфІэфІу зыкъыщагъэльагъэрт хьэгъуэлІыгъуэхэм, гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэм, трактор бригадэ пщыІэхэм, Іэщ фермэхэм. А псоми кьыдэкІуэу кьуажэм и комсомол организацэм и лэжьыгъэр иунэтІырт.

Щихабзэмрэ гъуэзджэмрэ апхуэдизу нтхьэкъуатэ, ар хохьэ Налшык щыІэ колхоз-совхоз іыхьуэ театрым. ЩІалэ жаныр гуапэу ирагъэблагъэ, ауэ абы и зэфІэкІ щигъэльэгъуэну хунэмыс Кудаевыр Дзэ Плъыжьым ираДж.

Янэ орден

Хьэсэн и дзэ кьулыкъым щыщІидзар Карелием и кьуршэм щыІэ 104-нэ фочаэу дивизиерщ. Абы ар ираджащ и хэкуэгъу Кулиев Кьайсин и гъусэу.

Хьэсэн зауэм щыІухьар соет-фин гъунапхъэм и дежщ.

Янэ щыкІэ полк щколым ягъакІуэ. Ар кьухри 3-нэ фочаэу ротэм и политрукым и кьудзэ зэрыщІэкІыу хуэжь зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэр икІи куэд дэмыкІыу ар зи унафэщІ художественнэ самодеятельнэ Іуэхущ1ащ. Гупым хэтхэм яфІэфІу зыкъыщагъэльагъэрт хьэгъуэлІыгъуэхэм, гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэм, трактор бригадэ пщыІэхэм, Іэщ фермэхэм. А псоми кьыдэкІуэу кьуажэм и комсомол организацэм и лэжьыгъэр иунэтІырт.

Щихабзэмрэ гъуэзджэмрэ нэхъыщІэ званиер къратри, политотделым и унафэщІым комсомол лэжьыгъэмкІэ и дЭпньыкъуэгъуу ягъакІуэ. Куэд дэмыкІыу къаІэрохьэ «бзэгуэщІ кьхьыщ хуейуэ корпусым и командованэм кьыбгъэдэкІа унафэр. ЖэщІипІ-Махуиплікіэ псыпщІэ гъэзгу зыщІэкІ кІуаэ, бийм и быдапІэр кьахутэ. Абы щхьэу ечкуэлІэн щхьэкІ ма мазаг мазэм псы щІыІэм и чэжьыпІэр кьэгъэуэтыт хуейт. Къэгъаз зауэлІэхэр унэм ирагъэкІуаЛІэртэкъым. Хьэсэн псынщІэ дыдэу гуп щхьэхуэ кьыхех, гранатэ эякІуэцІыпхар кьеГъэгъуэр, ар ирешажь...

Махуэ псом зэхуэу гуащІэ увыІакъым. ПщыхьэщхьэхуэкІуэу Венгриием и кьалащхьэ диздэм хуит кьещІыж.

Кудаев Хьэсэн ТекІуэныгъэм и махуэм щыІуащІащ Венэ мэзщІэрыІуэм и Іалпэм. Абдеж абы кьыщратащ и щІэр зыпетхэ Іэщ. Ар командованэм кьыщищІа кьалэн хэхуэ эзригъэзэщІам кьыпэкІуат.

Журналистым и псалъэ нэрыуэр

Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта щІалэм кьыпэплъэр гущІыхьэт. Абы и лъэпкым дигугъашащ хэмэ щІыпІэм и дыджагъ псори.

Зауэ нэужьым Хьэсэн журналисту лэжьащ. Абы и творчествэм увыпІэ щхьэхуэ щеубыд ІкІуэнигъэжол» газетым и корреспонденту щыщІата ильэсхэм. Еш, щхьэ жьыхуэпІэр ищІэртэкъым - ар куэдрэ яхуеблагъэрт гъэш фермэхэм, трактор бригадэхэм, щІыхуэ Іэщ1ІэгъэкъІыну. Нэхущым топхэм «псэльэн» щІадзащ. Капитан Кудаевыр зыхэт гупри бийм йобгъэрыкІуэ. ЗрыпхъуакІуэхэм лъэпцу загъэбыдати, ди Іэщ1ІэгъэкІыну. Хьэсэн псынщІэ дыдэу гуп щхьэхуэ кьыхех, гранатэ эякІуэцІыпхар кьеГъэгъуэр, ар ирешажь...

Махуэ псом зэхуэу гуащІэ увыІакъым. ПщыхьэщхьэхуэкІуэу Венгриием и кьалащхьэ диздэм хуит кьещІыж.

Кудаев Хьэсэн ТекІуэныгъэм и махуэм щыІуащІащ Венэ мэзщІэрыІуэм и Іалпэм. Абдеж абы кьыщратащ и щІэр зыпетхэ Іэщ. Ар командованэм кьыщищІа кьалэн хэхуэ эзригъэзэщІам кьыпэкІуат.

Журналистым и псалъэ нэрыуэр

Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта щІалэм кьыпэплъэр гущІыхьэт. Абы и лъэпкым дигугъашащ хэмэ щІыпІэм и дыджагъ псори.

Зауэ нэужьым Хьэсэн журналисту лэжьащ. Абы и творчествэм увыпІэ щхьэхуэ щеубыд ІкІуэнигъэжол» газетым и корреспонденту щыщІата ильэсхэм. Еш, щхьэ жьыхуэпІэр ищІэртэкъым - ар куэдрэ яхуеблагъэрт гъэш фермэхэм, трактор бригадэхэм, щІыхуэ Іэщ1ІэгъэкъІыну. Нэхущым топхэм «псэльэн» щІадзащ. Капитан Кудаевыр зыхэт гупри бийм йобгъэрыкІуэ. ЗрыпхъуакІуэхэм лъэпцу загъэбыдати, ди

233-нэ фочаэу дивизием Венгриием и кьалащхьэм и Іэщэр пхитхъри, пшапэр зэхэмыуэ щІыкІэ хьэблэ зыбжанэм зы щигъэбыдаш. Ди дзэм кьыпэщІытт кьыкІэлъыкІуэ махуэм Венгриием и Парламентым и унэм фашистхэр щІагъэкъэщІэкІыну. Нэхущым топхэм «псэльэн» щІадзащ. Капитан Кудаевыр зыхэт гупри бийм йобгъэрыкІуэ. ЗрыпхъуакІуэхэм лъэпцу загъэбыдати, ди

ЗАНКИШИЕВ Хьэсейн,
Урысейм и Журналистэмрэ и ТхакІуэхэмрэ я союзхэм хэт.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Футбол

Ди Іуэхур нэхъри хэшІыкІыгъуэ мэхъу

«Динамо» (Мэскуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:0 (1:0). Мэскуу. «Динамо» стадион. Накъыгъэм и 5-м. Цыху 8000 еплъащ.

Судьяхэр Тимофеев (Іуэрэ), Волнин (Владимир), Пантелеев (Тулэ).

«Динамо»: Шунин, Климавичюс, Колодин, Фернандес, Гранат (Камбаров К., 42), Точилин (Смолов, 44), Карпович (Заикин, 77), Семпюс, Данни, Камбаров Д., Хохлов.

«Спартак-Налшык»: Радич, Евсиков, Джудович, Амисудашвили, Пилипчук (Гаазаев, 82), Филатов, Ланько, Мэшыкъуэ (Матич, 46), Файгулин, Самсонов, Уэденов (Рикардэ Хесус, 51).

Топыр дигъэкІащ Хохлов, 3 (1:0). Камбаров К., 50 (2:0).

Дагъуэ хуащІащ Пилипчук, Джудович, Мэшыкъуэм, Хохловым, Смоловым.

Нэгъабрэй «Спартакымрэ» мыгъэрейрэ шурэ лъэрэ я эхуакъуф. Илъэс и пэкІэ иджы хуэдэ зэманым ди щІалэхэр премьер-лигэм щыпашэхэм ящыщымэ, нобэ турнир таблицэм и кІэух увыпІэхэм ящыщ зым щытщ. Уеблэмэ 2006 гъэм джэгуъуйём яужькІэ яІа очко 12-м и ныкъуэм фІэкІа иджыпсту зэрамыІэм и закъуэкъым, атІэ джэгукІэри апхуэдизи дыдэкІэ щІэужьхьащ.

Хикмкиэ Мэскууэрэ я очко бжыгъэм зыри щыхъуажиркъуэ мэхъу Мэскуу кІыхьэрыкІуэжри щІэбгъэщІэгъуэн щыІэкъым. ЩІхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр - топ зэрыгъэкІыни «Спартак-Налшыкым» зэрэмыытырщ. ЖыпІэну уриКъунщ мы гъэм ирагъэкІуэкІа джэгугъуэ 8-м щыщу 6-м абихэм я хьэрхуэрэгъуэм я гъэсы топи зэрыдамыгъэкІыфар икІи абыкІэ зыбгъупщІ иІэжщ. Пащыкъуэм нэхъ хуэмыху иджыпсту зэрэхэмытыр. Апхуэдэу фІэкІа хьэрхуэрэгъуэм топ яхудмыгъэкІыу, дауи, уэыщІыгъуэн щыІэжьым.

Хикмкиэ кІыщыхагъэщІа и ужькІэ «Спартак-Надшыкыр» Мэскуу кІыдэнащ, «Динамом» зэрыдэджэгуным нэхъыфІу зыхуагъэхьэзырыр щхьэкІэ. Ахэр здэкІуа Новогорск и баэм абы папщІэ ІмальфІ псори щыІэт, къаралым и командэ кІыхьэхам и хэщІапІэу зэрыщытым кІыхьэкІыу.

МыІейри загъэхьэзырауэ кІыщыкІынут, дублерхэр зэрыдджэгуам тепщІыхьмэ. Аршхэкіэ, зэІущІэм зэрыщІидзэу топ я кІыхьэрыхудагъэкІам псори зэІищІэжащ. «Динамом» и бгъэрыкІуэныгъэ лъэщым налшыкдэсхэр хуэмыхьэзырыкІэкІащ икІи Данни зэуа топыр, Хохловыр машІэу теІэзэщІыхьыжри, ди гъуэм кІыдохутащ.

Апхуэдэ щІэдзэкІэм «Спартак-Налшыкым» и «гур ирихащ». Абы хэгъэрейхэм япигъэувын кІыльхьхьуэхуКІэ, джэгум и яп Іыхьэр кІуащ.

Загъэпэхуу кІыхэрихьужу, хэгъэрейхэм зэрыбгъэкІуэныгъэм пащащ икІи пынщІэ дыдэу бжыгъэр 2:0 хьуащ. Абы и ужькІэ ди щІалэхэм я лъэр щІэхупащ. ЗыкъыщащІэжар джэгур ирухыным дакъикъэ зыбгъупщІ иІэжщ. Нащыкъэсхэм сбгъэрыкІуэныгъэ зыбжанэ абдежым кІыхэрагъэпэщащ, арищхькІэ хэгъэрейхэм ахэр тІыншу кІыхэпадащ.

Апхуэдэ щІэдзэкІэм «Спартак-Налшыкым» и «гур ирихащ». Абы хэгъэрейхэм япигъэувын кІыльхьхьуэхуКІэ, джэгум и яп Іыхьэр кІуащ.

Загъэпэхуу кІыхэрихьужу, хэгъэрейхэм зэрыбгъэкІуэныгъэм пащащ икІи пынщІэ дыдэу бжыгъэр 2:0 хьуащ. Абы и ужькІэ ди щІалэхэм я лъэр щІэхупащ. ЗыкъыщащІэжар джэгур ирухыным дакъикъэ зыбгъупщІ иІэжщ. Нащыкъэсхэм сбгъэрыкІуэныгъэ зыбжанэ абдежым кІыхэрагъэпэщащ, арищхькІэ хэгъэрейхэм ахэр тІыншу кІыхэпадащ.

Турнир таблицэм и кІэух дыдэ увыпІэм «Спартак-Налшыкыр» кІыщыхутэныр зэкІэ Мэскуу и «Спартакым» тщхъэщихащ. 94-нэ дакъикъэм Бояринцевым дигъэкІа топым и фІыгъэкІэ ар 2:1-уэ «Рубиным» кІуащ икІи Тэтэрстаным и командэр епщыкІуханэ увыпІэм кІыщинащ. А зыращ ди яужь итыр.

Иджы фІыщыдгъэгъуэзэнщ премьер-лигэм хэт адрей командхэм я зэІущІэхэм кІэрыкуаэм. Мис ахэр: **«Сатурн»** (Мэскуу область) - **«Локомотив»** (Мэскуу) - **1:1, «Амкар»** (Перм) - **«Кубань»** (Краснодар) - **0:0, «Луч-Энергия»** (Владивосток) - **«Томь»** (Томск) **0:0, «Москва»** (Мэскуу) - **«Химки»** (Химки) - **0:2, «Ростов»**(Дон Іус Ростов) - **ЦСКА** (Мэскуу) - **1:1, «Зенит»** (Санкт-Петербург) - **«Крылья Советов»** (Самарэ) - **1:1.**

КъыкІэлыкІуэ джэгугъуэр щэбэтымрэ тхъэмахуэмрэ екІуэкІынущ. Накъыгъэм и 12-м «Спартак-Налшыкым» къригъэблэгъэнущ «Москвар».

ЖЫЛАСЭ Заур.

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм и турнир таблицэ

Командхэр	Дж.	Кь.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Спартак»	**8**	**5**	**3**	**0**	**10-4**	**18**
2. ЦСКА	**8**	**4**	**3**	**1**	**14-7**	**15**
3. «Зенит»	8	4	3	1	12-8	15
4. «Москва»	8	4	3	1	8-5	15
5. «Динамо»	8	4	2	2	9-8	14
6. «Химки»	8	3	1	4	7-7	10
7. «Крылья Советов»	8	2	4	2	4-4	10
8. «Локомотив»	8	2	4	2	6-7	10
9. «Луч-Энергия»	8	2	2	4	4-6	8
10. «Амкар»	8	1	5	2	8-8	8
11. «Томь»	8	1	5	2	9-10	8
12. «Кубань»	8	1	5	2	5-6	8
13. «Сатурн»	8	1	5	2	8-10	8
14. «Ростов»	8	1	4	3	8-11	7
15. «Спартак-Налшык»	**8**	**1**	**4**	**3**	**3-9**	**6**
16. «Рубин»	**8**	**1**	**2**	**5**	**6-11**	**5**

"Си гум къыбгъэдэкІыу"

●Гъуазджэ

Араш зэреджэу щытар КъБР-ми къШР-ми щІыхь зиІэ я артистхэу, уэрэджыкІыуэ цІэрыІуэ Шэрджэс Іэсият иджыблагъэ Къубэрдей-Балъкъэр къэрал Музыкэ театрым щита концертым. Ар кІыхьэзэрыгъэпэщат АМРА продюсер центрым. Щыхъур куэду къыхэзгъэсат профессионал нэсым и макъ гуакІуэмкІэ игъэзащІэ уэрэдхэм, арнехэм, романсхэм едэІуэну.

ІЭСИЯТ концертыр къыщІэІуихащ Согуэ Данилрэ Емкъыж Мухьэмэдрэ яуса «Адэжь щІынатІэ» уэрэдымкІэ.

Адэкіэ концертыр езыгъэкІуэкІ Іулиев Магомед жиІащ Іэсият уэрэдымрэ макъамэмрэ фІыщІэу щалъагъу унагъуэ къыщэрихуэкІар, консерваторэ рэ уэрэджыкІуэ ранэу зэрыщытыр, екъуІэныгъэ ин иІэу зэрылажьэр.

Темыркъан Петр зи пашэ «Камератэ» камернэ оркестрым и гъусэу Шэрджэсым игъэзэщІа уэрэдхэм, романсхэм къыщэхъусэхэр хуабжьу дахьхат. Пуччини Джакомо и «Луарет»-оперэм щыщ арнер итальянбзэкІэ щигъэзэщІами ярыс композиторхэр Варламов Александр, Арельский Александр, Растеряев Игорь сымэ я уэрэдхэм, романсхэм щыщ щигъэзэщІами Іэгуауэшхуэ хуаІэтащ. Ауэ пІсом хуэмыдэу Іэнэцерэм кьырихьэдлаэр къыхэщІыпат «Гуащэнэ и гъыбзэм». Ар къэзыгъуэтыжар зытхыжари Іэсият и адэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Шэрджэс Алийр, Идар Тэмрыкъуэ ипхъу, Грозный Иван и щхьэгъусэу щыта Іуащэ-нэ (Марие) и гъыбзэр япэ дыдэу щыІуар а пщыхьэщхьэращ.

НэгъуэщІ уэрэджыкІуэ цІэрыІуэхэри и гъусэу зэрыдгъэкІащ Іэсият. Апхуэдэущ, къапщтэмэ, Къардэн Радик и гъусэу жаІа (зытхар Къардэн Хьэсэнэрэ Джэдгъэй Борисрэщ) «Ми нэ дахитІыр», Мэремыкъуэ Хьусенрэ Іэсиятрэ зэдгъэзэщІа (Хьэлупэ Джэбрэйилрэ Къэжэр Петррэ я ІэдакъэщІакІыр) «ЛъагъунытыкІэ и лъагъуэ», нэгъуэщІхэри. Уэрэджыкіуэ цІэрыІуэ Уэзэр Муэсэ и гъусэу Шэрджэсыр зэщІа уэрэдэхэри концертым къырихьэлІаэхэм гурыхь ящыхьащ. Абыхэм ящыщщ композитор Птичкин Евгений и «Лъагъунытрэм и джэрпэджэк», композитор-уэрэдыс Брейтбургр Ким и «Маэз макъамэ», нэгъуэщІ уэрэдхэри.

Іэсият и концертыр зэхуэщІыжащ Шэрий Иринэрэ КІыщокъуэ Алимрэ зэдатха «Ми дыхьэшх макъыр» уэрэдымкІэ. Пшыхьым хэтащ Музыкэ театрым и уэрэджыкІуэхэу КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Батыр Мухьадин, КъБР-ми КъШР-ми щІыхь зиІэ я артист Тэшло Алий, гъуэзджэмкІэ Кавказ Ищъэрэ къэрал институтым щеджэ, уэрэджыкІакІуэ ныбжьыщІэ Атмурзаевэ Жаннэ, а институтыр къэзыухъ пшынауэ Іэзэ Іыджьэдэ Алий, Нэгъуэ Лилэ зи унафэщІ «Экстрим» къэфакІуэ ансамблыр, Музыкэ театрым и хорыр, нэгъуэщІхэри.

ФІыщІэ ахуэфащэщ концертыр егъэкІуэныжьыр зи жэрдэму щыта икІи ныкъэзэзыгъэпэща АМРА продюсер центрым и унафэщІ Іыпэм Лидэ, зэвукорежиссер Ламп!эжь Леонид, концертыр зыгъэхьэзырыр режиссер Сафаровэ Тамарэ, нэгъуэщІхэми.

Ауэ мы Іуэхум сигу кьеуа гуэрэхри хэтащ. Ар апхуэдэ уэрэджыкІуэ телъыдэжщ. ЦІыхухэм фІыуэ яІыгъу, я гум дыхьэ Іэсият зэхуэм утыкум кьищэным гуфІэгъэ нэс зэримыгъэтащ. Концертыр зэрыщыІэнур дахэ-дахэу хэІущІыІу ящІакъым, абы къарихьэлІаКъым цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я ліыкІуэхэр, телевидиэм зыри трихакъым, радиом зыри итхакъым. Ауэ, а ныкъуэныгъэ хэр ягъэзэкІуэжым хуэдэу, адыгэ гъэпсыкІым ди надбзэу щыт уэрэджыкІакІуэм сценэм ихьэри гуапэу екъуэхъуащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министру щыта, Налшык кьалэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэЕфэнды Джылахьстэн, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ Дау Марьянэ, нэгъуэщІхэри. А пщыхьэщхьэм Шэрджэс Іэсият удз гъэгъа куэд иратащ, Іэгуауэшхуэ хуаІэтащ.

УЭРЫШ Нурхьэлий,
КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист.

ЗэІущІэ нэужьым

Клубным чемпионатым и 2-м щІыкІэм: "ЗэрыкъыщІэхІэ тсп куэд къытхущІыгъэ"

ЗэІущІэ зыбжанэ хьуауэ текІуэныгъэ къэзымыхьыф командэм и тренерым и гукъыдэжыр зэрымыщІагъуэр гурыІуэгъуэт икІи и псалъэмакъым кІыхь зэригъэщІакъым.

- ЗэрымыщІэкІэ топ куэд къытхудагъэкІ. Апхуэдэу зэІущІэм и пэщІэдзэ дакъикъэхэм зэуэзэпсэу ди гъуэм топ кьыдагъэкІащ, итІанэ, зыдгъэпсэхуу дыкъыхьэжа кьудейуэ, етІуанэр къыкІэлъыкІуащ. Пэжу, джэгум и кІэухым бжыгъэм зедгъэхьуэжкіэну Іэмал гуэрэхр кьытхуэкъ уэкІат, ау я кьэдгъэсэбэпыфакъым. А псори щхьэусыгъуэ хуэхьуащ зэІущІэм дыкъыщыхагъэщІэным.

Кубаным ахущІ. "Динамо" и тренер нэхъыщхьэр: "ЩІалэхэмкІэ сыарэзыщ"

Зи чэзу текІуэныгъэм и командэр турнир таблицэм зэрыщыдгрнгъэкІуэтеям мэзкуудэсхэм я тренерыр хуабжьу арэзы кьыщІат .

- Къапщтэмэ, командитІми зэІущІэр зэхуэдэу ирагъэкІуэкІащ. Ди кІэн кьыкІри, псынщІэу топ дэдгъэжьфащ. ЗэІущІэм и кІэух дакъикъэхэм ди щІалэхэр нэхъ щІэужьыкІэжат, ауэ я гъуэщхьэхуэмэхэм тэмэму я кьалэн ягъэззащІащ. Футболистхэм сащытхъу си хабзэкъым, ауэ нобэ фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейт Хословым. ЗэІущІэм и кІыхьагъкІэ ар джэгуплэ губгъуэм и щІыпІкІыщ гъуэрыгъуэурэ щыджэгун хуей хьуащ икІи и кьалэнхэм фІы дыдэу пІэлъащ.

- Гъащхьэтэ ту арту эр сыт Карчемарскас и пІэкІэ щІалэщІэ дыдэ Щуминыр кьыщыхэпхар?

- Дэ зэхуэдэу фІыуэ джэгуу гъуащхьэтетитІ диІэщ. Зэкіэ джэгупІэ губгъуэм кьидгъэхьэр Шунинщ.

Зытхыжар **МЭЗКУ Кьанщобийщ.**

Дышэкъыр аргуэру къыхожаныкІ

«Динамо-Д» (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык-Д» (Налшык) - 0:3 (0:1). Мэзкуу. «Динамо» стадион. Накъыгъэм и 4-м. Цыху 70 еплъащ.

Судьяр Мареев (Мэзкуу).

«Динамо-Д»: Карасевич (Панов, 67), Лобков, Бычков, Хасянов, Пискунов, Заикин, Алтунин, Замалиев, Арсоев (Панин, 60, Рыбковский, 82), Денисов (Свежов, 46), Бебих (Логуа, 48).

«Спартак-Налшык-Д»: Сидельников (Щоджэн, 46), Макушев (Тауконов, 88), Кисенков, Васин, ЪхуаКІуэ (Андреев, 86), ДыщэкІ, Гетериев, Степанов (Балъкъэр, 84), Дзыхьмыщ І (Гъубж, 82), Попов (Гъэцокъуэ, 73), Родионов (Бадэ Руслан, 46).

Топхэр дагъэкІащ: Дышэкіым, 22 (0:1). Поповым, 48 (0:2). Поповым, 55 (0:3).

Гъубж Вячеслав зи тренер нэхъыщхьэ ди щІалэхэм иужьрей ежьэр хуабжьу къайхъулІащ. Тхьэмахуэ и пэкІэ «Химки-Д»-м 4:1-уэ зэрытекІуам иджы Мэзкуу и «Динамо-Д»-р 3:0-у зэрыхагъэщІар щІагъужащ.

Хикмким зэрыщыджэгуами хуэдэу, «Спартак-Налшык-Д»-м мы зэІущІэр ебгъэрыкІуэ защІэу иригъэкІуэкІащ. Ящ Іыхьэм аргуэру къыхэжаныкІащ «Химки-Д»-м топитІ хуэдэу зэрыжьэкІа ДыщэкІ Аслъэн. Ар игъэбгъэуэну щэнейрэ Іэмал гуэрэзэдкэхэр иІащ Роденков Юрэ.

Джэгум и етІуанэ Іыхьэм зэрыщІидзэу Попов Денис дигъэкІа топитІым хэгъэрейхэм «я гур ирихыпащ» икІи налшыкдэсхэм етІуанэ текІуэныгъэр къариГъэхьащ. Абыхэм я фІыгъэкІэ «Спартак-Налшык-Д»-м турнир таблицэм етхуанэ увыпІэр щиуфыдащ.

Премьер-лигэм хэт адрей командхэхэм я дублерхэр зэрызэдджэгуам мыпхуэдэ бжыгъэхэр кьаригкІуащ: **«Сатурн-Д» - «Локомотив-Д» - 2:2, «Амкар-Д» - «Кубань-Д» - 0:0, «Луч-Энергия-Д» - «Томь-Д» - 0:0, «Москва-Д» - «Химки-Д» - 1:3, «Ростов-Д» - ЦСКА-Д - 1:0, «Зенит-Д» - «Крылья Советов-Д» - 1:1, «Спартак-Д» - «Рубин-Д» - 4:1.**

КЪЭХЪУН Бэч.

Жыпі телеграмым и сэбэпкІэ

Щэбэт пщыхьэщхьэм Тырныауз и мафІэсгъэункІыфІэм «01» телефонымкІэ къаІэрыхьащ Іуащхьэмахуэ и къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ дэкІ, епхуэнт 5 лъагэгъэм нэса альпинист гупым щынагъуэ къаІэзэрыльэсам теухуэ хьыбар.

МОСКВА щыщ гупым хэт Глазов Алек сей и лъакъуэр игъэуэзыжати, и закъуэ кІуэфырткъым. Апхуэдэ лъагагъэм жэщкІэ ар ирихьэлакІуэ Іэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІыркъым. Пщэдджыжьым жьыуэ зиІэтащ «Эльбрус-Авиа»-м и вертолетым икІи Урысей МЧС-м и Эльбрус ПСО-м и кьеГъэлакІуэу 8 зыхэт гупыр метр мини 4.600-рэ лъагагъэм нигъэсащ, адэкІэ ахэр альпинистхэм я деж лъэсу кІуащ. Глазов Алексей метр мини 4-кІэ кьрахьэхри, гупыр зэрышыту вертолетрэ Терскол нагъэсащ. Бгъэм дэкІаХэм я узынщагъэр тэмэмщ, Глазов Алексей кьищынэмыщІа - ар Тырныауз сымаджэщым щагъэгъуэльхьащ. Москва кьиІэ альпинистхэм аргуэру хабзэр узим ящІащ - бгъм дэкІым и пэкІэ кьегъэлакІуэхэм я деж зэщІагъэхтакъым. Ахэр кьезыгъэлар абыхэм кьагъэсэбэпа сотовэ зэпыщІэныгъэр Іуащхьэмахуэ лъапэ фІыуэ зэрыщылажьэрщ.

БОЛЭТ Арсен.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Іэмал гъэщІэгъуэнхэр къагъэсэбэп

●Щэныгъэ

микъ щІэныгъэхэм я кандидат **Къардэн Эммэ**сымэ. Апхуэдэу урокым къаргъэблагъат илъэситху блэкІам я къудамэр щІэхъуэгъэ Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм пэрыт Іэщ!ащхьлІхэр.

Сыхьэтиплікіэ екІуэкІыну дерсым и мыхьэнэмрэ бухгалтерскэ учетымрэ анализымкІэ кафедрэм и доцент, экономикэ щІэныгъэхэм я кандидат **Теуэвжыкъуэ ФатІимэ,** Студентхэм я щІэныгъэр къапщытащ егъэдэкІуэн хьуну зызыгъэхъэзырхэм я дежкІэ эбэпынагъыу пылымрэ яжриІа пэуэж. Теуэвжыкъуэ Фатіимэ студентхэм ягуритэІуащ урокыр зрежъуэкІыну щыкІэр.

Зы бухгалтерие хуэдэу еджакІуэхэм гуп-гупу загъэшІри, лэжьэн щІадзащ. Абыхэм егъэджакІуэм и ущІэхэм жэуап иратащ, диктант ятхащ, ягъэкъэзыгъэ докладхэм къеджащ, нэгъуэщІ куэдкІи зэпеуащ.

Студентхэм я щІэныгъэр, акъыл жанагъыр, гупсысэкІэр къызрагъэлъагъуэм надбзэгубдзапІэу кІэлъыплъа къэпщытакІуэ гупым дерс-зэпеуэм нэхъ жьыджэру къыщалытахэм щІыхь тхыльхэр иратащ.

А урокыр къызэрыгъэпэща етъджакІуэм, абы зэфІэкІ хъарзынэхэр къыщызыгъэлъэгуа ныбжьыщІэхэм фІыщІэ хуащІу къэпсэльащ къэпщытакІуэхэмэ нэхъапэм мы университетыр къэзыуа Іэщ!агъэлІхэмэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

ДыщІэгуфІэн ди машІэкъым, ауэ...

●Дзюдо

Иджыблагъэ Москва щекІуэкІащ дзюдомкІэ Суперкубокыр къэхьыным техуэ зэхьэзэхуэ. Абы къырихьэлІащ къэрал 40-м я бэнакІуэ лъэшу 400-м щІигъу. Ди гуапэ зэрыхъуащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьыр яхъумэу зэпеуэщхьэм хэтащ адыгэ щІалэхэу Джаданэ Алим (кг 66-рэ), Тау Хьэсэнбий (кг 90), Унэшхуэлі Аслъэн (кг 100) сымэ жиІа медалитІ ящыкІа.

СЭРАЛЪП Олег и гъэсэн Джаданэ Алим апэ зэІущІэр кьыфІихьащ италъян бэнакІуэ Касайе, абы кьыкІэтыкІуэу хигъэщІащ Финляндиим и дзюдоист Питканенр. Адэкіэ ди щІалэм кьыпэщІэтащ къэзахъ Якибаевыр. Апхуэдэ зэІущІэри кьарзынэу иригъэжьат, зэхьэзэхуэр и кІэм нэсыным секунд 40 фІэкІа бжыгъэмынэжам, очко бжыгъэкІэ текІуэрт. Ауэ, напІэзыпІэм тепльэкъуэкІри, и хьэрхуэрэгъуэм зыкьытырригъэдзащ. Адэкіэ и щІыуэгъэ зэриГъэзэжкІэжьи Іэмал имыІуэту дыщэ медалым щІэбэн гуныпм кьыхэпІащ.

Суперкубокым и жэз медалыр кьыхьыпи папщІэ, Джаданэм зэІущІит иригъэкІуэкІащ. ТІэуми ар хуэзащ Урысей Федерацэм и дзюдоист пІэщІэхУ Дагъыстаным щыщ Джафаров Магомедрэ Исаев Мансурэ. Гугъу ядэхьами, ахэр Алим къабзэу хигъэщІащ.

ЕтІуанэ жэз медалыр къэзыхьар Емкъуж Мухьэмэд и гъэсэн Унэшхуэлі Аслъэнщ. Килограммим 100 хъуэхэм я деж щыбанэ ди щІалэм кьыпэщІэтащ Европэм и чемпион венгр Хадфи, нэмыщІ бэнакІуэ Петерс, кэрыкъ Размадзэ сымэ. ЯтІтым Унэшхуэлі ар екІуу къыхэкІащ. Ауэ Куржьи и бэнакІуэм, Суперкубокыр кьэзыхьа Размадзэ, текІуэфакъым. Абы къыхэкІыу Аслъэн хьихьащ жэз медалым щІэбэныну гуныпм. Мыбдеж и хьэрхуэрэгъуэхэр щыхигъащІэри, Урысей Федерацэм и командэм. Абы нэмыщІкІэ, щІыхьхъуэхми щІыхьэхмэ и хьэрхуэрэгъуэхэм бжьыпэр щыубыдащ ди къэралым и бэнакІуэхэм. Псори зэхэту абыхэм медаль 12 кьахьащ - дыщэу 2, дыжьыну 4, жэзу 6. ЕтІуанэ увыпІэр иубыдащ Голландиием, ещанэр - Великобританием.

Дзюдомкіэ дунейпсо фондымрэ УФ-м дзюдомкІэ и федерацэмрэ ягъэуза ахьыш сауГъэтхэр ирагащ Суперкубокым япэ, етІуанэ, ещанэ увыпІэхэр кьыщыІэныхьахэм. Цыху кьэс хуэзэу абыхэм ялъэІащ ебгъэ 2500, 1500, 500, зэрызэкІэпыкІуэм хуэдэу.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙОлег.

●Школ хъыбархэр

Дерс зэІухахэр

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгучьэрэ нэхъ 450-рэ зэрыригъэувэнымэ зыхуагъэхьэзыр ди республикэм и курыт еджапІэхэм. Шікодхэм къыщыІэзэрагъэпэщ классщІыбэ гъэкІэрэхэм, урок зэІухахэм ныбжьыщІэхэм Іэмал щагъуэт тхыдэм нэхъ кууэ зыщагъэгъуэзэну, нъэсэнщ зыбжанэ и пэкІэ я хэкум щекІуэкІа Іуэхугъуэхэр къащІэну.

НЭХЪ ЦІЫКІУ дыдэхэми я зэфІэкІ щагъэлъагъуэ махуэшхуэм ехьэлІа зэІущІэкъэм. Апхуэдэу дыдэрыт илъэсыр зэрыщІидзэ ІъанДэрэ Бахъсэн кьалэ дэт 2-нэ programмазием Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр къыщызэрагъэпэщ. Классхэм дерс зэІухахэр щекІуэкІащ: «Ди щІалэгъуэ ІъэпІкъэхэм я хабзэ дахэхэр», «ФІыуэ сІльагъу ди ІъахъэІ», КъБР-м и блэкІамрэ къэкІуэнымрэ», нэгъуэщІхэри.

А псом кьадэкІуэу цІыкІуэм я Іэдакъэщ!экІэхэр щеГъэувэкІа ГъэпэсГъэныгъэ хьэлэмэт кьыщыгъэІуахащ мыбы.

Программэм и Іуэхугъуэхэм ящІыгъуу спорт зэхъэзэгъуэхэр щокІуэкІ мы еджапІэм. 1 - 4-нэ классхэм щІэхъэзэ зыкъомкІэ ятІонэрэ цІыкІуэхэр зи фІыщІэгъэІэ зэпеуэр дахэу екІуэкІащ. Апхуэдэу спектакль тепльэгъуэхэри яГъэув, нэхъ цІыкІу дыдэхэм яхэтъ автор Іэзэгъыр умыгъэщІэгъэнкІэ Іэмал имыІэу.

- Дыдэрыт илъэсым тщІэн хуеиІэу зыхуэдгъэувыжахэм и Іыхьэ мащІэщ ахэр, - жеІэ егъэджэнныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ 2-нэ прогимназием и унафэщІым и къуэдзэ Дотхъуэ Фатимэ. - Иджыри сабийхэм я сэбэпынагъ зыхъэть, я гупсысэм зезыгъэжьы, я акъылыр зыгъэжан Іужьугъуэ куэд кьыттпэщІыльщ.

ШЫПІШ Дзянэ.

Мы къыдэжІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэу Щоджэн Ишэ *(1, 4-нэ нат.),* Табыш Динарэ *(2, 3-нэ нат.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ:* Дол Маринэ, ГъучІэлІ Рае.*Сурэтыщ!* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Гираж 10.289●Заказ №1346

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦІЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Хьэфыщ!э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыкъ Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущІэ Зарифэ, Жылаес Маритэ, Льостэн Муэ, Уэрджкъуэ Жансурэт, Ныбжьэ Танэ, Шал Мухьэмэд.

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ я кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМ ЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъэумрэ льэпкъ Іуэхугъэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ!апІэхэм я дэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэгъэсэныгъэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ!апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм ящыкІыныр бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм ирегъэкІуэнхьэ. Авторхэмрэ редакцІмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэнытэ щытыкІым.

Газетыр Іэ тезыдзэхэм яхуэхьынырэ и щІэдзыкъ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефонымэ - 42-35-75.